ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ІПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№154 (24.124) ● 2020 гъэм дыгъэгъаэзм (декабрым) и 26, щэбэт ● Тхъэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Къэрал Советым и зэІущІэм

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъэгъаэзм и 23-м хэтащ Урысей Федерацэм и Къэрал Советым, УФ-м и Президент Путин Владимир мы гъэм дыгъэгъаэзм и 21-м къыдигъэкІа унафэмкІэ зэхащэм, и зэІущІэм.

УФ-м ЩІЭУЭ яубзыхуа и Къэрал Советым и япэ зэхьыхэр ирагъэкІуэкІащ УФ-м и Президентым деж Стратегие зыужьынигъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ советым щыІигъуу. Нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьар «Урысей Федерацэм 2030 гъэ пщІондэ зэрызиужьыну унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхугъэ». Указыр гъэзэщІэнырщ.

«Дэ псоми къыдгуроІуэ дыззэрыт илъэсыр Урысейми дунеймэ я дежкІэ тыншу зэрэщыщытар. Коронавирус уз зэрыщІалэр гъэунэхуп1э къызэрымыкІуэу къахуащІэкІащ къэрал псоми я лъэпкъ экономикэхэм, социальнэ Іэнатіэм. Щытыкіэр сыт хуэдэу гугъуу щымытами, абы демографие, геополитикэ, экономикэ, технологие я лъэныкъуэкІэ кІырикІуэнухэр къэлъытауэ, дэ дыкъэувыІэну дыхуиткъым. Лъэпкъ псоми я къэкІуэнур зэлъытэ унафэхэр зэІущІэным субъектхэр, муниципалитетхэр нэхъыбэу къыхэтшэн папщІэщ Къэрал Советым Конституцэм лъабжьэщІэ, мыхьэнэщІэ щІыщІгъуэтар. Ар зыхуитхэр нэхъыбэ хъуащ, зэтхэри зэтхъуэкІащ», - жиІащ Урысейм и Президентым зэІущІэр къыщыдзэІуихым.

«Илъэс гъунэгъуэхэм Правительствэм кьалэнышхуэхэр зыхуигъэувыжыну сыщогугъ, нэхъыщхьэуи дэ псори, Урысей Федерацэм и щІыхьэр, дыщогугъ а лэжьыгъэм екъулІэныгъэшхуэхэр кьыдэкІуэну, ди щІыхьэм я гъащІэм зэхъуэжІыныгъэ нэрылъагъуэхэр фІы и лъэныкъуэкІэ хилъхьэну», - кьыхиГъэщхьэхуэкІащ Путин Владимир.

«Къэрал Советым и зэІущІэм щыхэплъащ Урысейм исхэм я псэуКІэр зэлъытауэ унэтІыныгъэ псоми ятеухуа лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум: узыншагъэмрэ егъэджэныгъэмрэ, промышленностымрэ мэкъумэщ Іэнатіэмрэ, псэуп1э ухуэнымрэ дыкъэзыухъурехь дунеймрэ, хьэрычэт лэжьыгъэр, инвестициэхэм, къэралым и зыужьыныгъэм епха нэгъуэщІ куэдми. Зытепсэлъыхь Іуэхугъэ зэхьэІа министерствэхэм я унафэщІхэм къагъэлъэгъуащ ягъэува кьалэнхэр гъэзэщІэныжьмкІэ мы зэманым ирихьэлІэу зрагъэхъуІахэр, ахэр щІахуэмыгъэзэщІэнкІэ хъуну лъэпощхьэпохэр, щхьэусыгъуэхэр икІи кьыкъуэкІ гугъуехьэр лъэныкъуэ егъэзыныжьмкІэ мурадхэр.

Къэралым и Унафэщ1ым дэтхэнэ унэтІыныгъэмкІи пщэрылъхэр яхуищІащ, щІыналъэхэм щызэфІагъэкІын хуейхэм, лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным хуаутІыпщ мыльку фейдэ нэхъыбэ пылъу къэгъэсэбэпыным гулъытэ хэха яхуищІу. Абы кьигъэуващ ущыпсэуну дзыхьщІыгъуэджэ хъуа унэхэм щІыхуэхэр кьыщІэгъэлэпхъуКІыным хуэунэтІа лэжьыгъэр и кІэм нагъэсыну, псэупІэхэм я уасэхэм я нэІэ трагъэтыну; апхуэдэуи щІыналъэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и Іэнатіэм зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэжьІуэкІыным гулъытэ хуащІыну; кьалэн ящищІащ дызыхуэкІуэ илъэсыщІэ махуэшхуэхэм я Іэнатіэхэм пэрытыну медицинэ лэжьакІуэхэу COVID-19-р зыпкърытхэр щагъэхъуж кІуэщІапІэхэм епхахэм ират ахъшэр хуагъэбэгъуэну, щІыналъэхэм яхуиГъэуващ Іуэхутхьбзэ зыщІэ Іэнатіэм и къудамэхэм ящыщу щІыхуэхэм икІэщІыпІэкІэ ящІэІэсынымр зи кьалэнхэм я лжьыгъэр илъэсыщІэ махуэшхуэхэм зэблэмыууэ ирахьэкІыным я нэІэ трагъэтыну. Президентым «Урысей зэхъуэт» партиим, къыхилъхьа жэрдэмыр - дыгъэгъаэзм и 31-р мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыныр - ядиныгъащ, иужьрей илъэсхэм жылагъуэм абы кьэдгъэзэрыщытепсэлъыхьар тегъэщІапІэ ищІри.

«Урысейм и щІыналъэхэм мы зэманым щагъэзащІэ лъэпкъ проект псоми мыкъэнэшхуэ яІэщ, абыхэм Іуэхушхуэхэр щызэпэлъытащ, унэтІыныгъэ куэд кьыдэзыгъаІэзэ гуныкъуэгъуэхэр дзгъэкІыным хуэгъэпсащ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек, Къэрал Советым зыщытепсэлъыхьахэм я гугъу щищІам. - Лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным цІыхухэм я псэуКІэр хэпщІыкІыу иригъэкІуэнущ. Абы щІыналъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрри абыхэм яхэту, я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абыхэм кьриІуэкІэр зыхуей хуагъэзащ, псэупІэхэр ящІащ. Дэ «ЩІыуэпс» лъэпкъ проектри догъэзащІэ. Абы кьихьэу догъэсеижь илъэс куэд хъуауэ хабзэр кьыдэпхуащ къагъэсэбэп пхъэнкІий идзыпІэхэр, псы зэрыкІуэ бжьамийкэр зыдогъэпщыжьк. Республикэр ящыщщ лъэпкъ проектхэм я унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэмкІэ екъулІэныгъэфхэр зыІэрызэгъэхьа щІыналъэхэм, апхуэдэу щытми, дэ абыкІэ дыкъэувыІэрыкъ - зэфІэгъэкІын хуей Іуэхугъэ мащІэкъым.

Президентым щІыналъэхэм гъэуува кьалэнхэр зэфІэгъэкІыным адэкІи жыджэру делэжьэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым Террорым пэщІэтыныжьмкІэ и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ мэлажьэ

Щ1ыналъэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгъэгъаэзм и 24-м иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Террорым пэщІэтыныжьмкІэ и комиссэмрэ Оперативнэ штабымрэ я зэІущІэр.

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ мардэм тету щыта зэІущІэм кьрихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Т. Б., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. Т1., КЪБР-м кьегъэщІылІа федеральнэ инспектор Мэкъуауэ Т. Э., КЪБР-м и Гъэзэщ1акІуэ властым, хабзэхъумэ Іэнатіэкэм я Іэтащхьэкэр.

Зэ1ущ1эм нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьар илъэсыщІэ махуэшхуэхэм щІыхуэхэм я Іыгъ ящІэрыгъэ-пэщынырщ.

Зэ1ущ1эм апхуэдэу щыхэплъэжащ Террорым пэщІэтыныжьмкІэ комиссэм 2020 гъэм зэфІигъэкІаХэм, дызыхуэкІуэ илъэсым я мурадхэр яубзыхуащ.

Илъэсыщ1э, Хьисэ къыщ1алъхуа махуэшхуэхэм жылагъуэ щ1ынагъуэнщагъэр кьаззэгъэпэщ1ыным хуэунэт1ауэ зэфІагъэкІхэм я гугъу ящІу кьэпсэлъащ къэрал КІуэщІ ІуэхуэхэмкІэ министру КЪБР-м щыІэ Павлов В. П., УФ-м и МЧС-м и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІ Надежин М. В. сымэ.

Апхуэдэу зэІущІэм кьыщыпсэлъащ КЪБР-м и министр Кьэушырокъуэ З. Къ., КЪБР-м граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Д. Б.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) кьыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыпу щытыныжьмкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэкэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м кьыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) кьыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыпу щытыныжьмкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхуэкэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м кьыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн, 2.6 пунктым и «а» пункт къыдэдзэм хэт «2020 гъэм дыгъэгъаэзм и 27 пщІондэ» псалъэхэм яужькІэ «, 2020 гъэм дыгъэгъаэзм и 28-м кьыщыщІэдзауэ 2021 гъэм щІышылэм и 10 пщІондэ, 2021 гъэм щІышылэм и 11-м кьыщыщІэдзауэ 2021 гъэм щІышылэм и 24 пщІондэ» псалъэхэр щыгъуэуэ.

2. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм дыгъэгъаэзм и 24-м
№178-УГ

Бжьыхьэ лэжьэгъуэр зэхуащІыж

КЪБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэм и мужьрей зэІущІэм депутатхэм Іуэхугъуэ 25-рэ кьыщаІэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ. Зэ1ущ1эм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, депутатхэр. Видеоконференц мардэм тету абы еплъащ КЪБР-м и Парламентым и лЫкІуэу УФ-м и сенатор Ульбашев Мухьэрбий, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, щІыпІэ администрацэхэм унафэщІхэр, нэгъэущІхэр.

● КЪБР-м и Парламентым

ПСОМ япэу депутатхэм Іэ яІэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хеящІэхэм я коллегием жылагъуэм и лЫкІуэу хагъэхьэну къагъэлъэгъуахэм папщІэ. Ахэр: **Ахьмэт Алим, ГъукІэпщокъуэ Мурат, Маликовэ Лидэ, Мусуков Мурат, Уянаев Руслан, Хужьокъуэ Арсен, Юсупов Аслъэн** сымэщ. КьищынэмыщІауэ, Прохладнэ районым суд Іуэхущ1апІэ №93-м и зэхьыгъэкІуэ хеящІэм и къулыкъур хуагъэфэщащ **ЩІанкІэ Марина*.**

Зэ1ущ1эм етІуанэ еджэгъуэу къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2021 гъэм, 2022 - 2023 гъэхэм ятещІыхьауэ» КЪБР-м и законым и проектыр.

КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Лисун Еленэ** зэрыжиІамкІэ, 2021 гъэм республикэм и бюджетым и хэхъуэр сом мелард 43,6-рэ хъунущ, къыгъэсэбэпыну зыхуеинур - сом мелард 44,8-рэ. Бюджетыр зыхуащІэнур сом мелард 1,1-рэ мэхъу. 2022 гъэм щІыналъэм и хэхъуэр сом мелард 42,5-рэ хъуну хуагъэфащэ, къагъэсэбэпынур - сом мелард 42,1-рэ. А илъэсым профицитыр сом мелуан 423,7-рэ хъунущ. 2023 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхъуэр сом мелард 43,3-рэ, къигъэсэбэпыну зыхуеинур сом мелард 42,8-рэ хъуну. А илъэсым профицитыр сом мелуан 516-рэ иІэнущ.

- 2020 гъэм дыгъэгъаэзм и 8-м кьыдэкІа «Федеральнэ бюджетыр 2021 гъэм, 2022 - 2023 гъэхэм ятещІыхьауэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ республикэм зымыгъэзэж и хэхъуэр нэхъыбэ хъунущ: 2021 гъэм сом меларди 8,3-рэ, 2022 гъэм - сом меларди 6,017-рэ, 2023 гъэм - сом меларди 7,5-рэ, - жиІащ. - Ди мастершыр. - ЗэхъуэкІныгъэхэр игъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым щыщу къэгъэсэбэпыну дызыхуеинум. Федеральнэ бюджетым кьыхэкІ бюджет трансферт хэхъахэм зэхъуэкІныгъэ зэрагъэтаив лъэпкъым и хэхъуэр нэхъыбэ хъунущ: 2021 гъэм сом меларди 8,3-кІэ. Абы щыщу сом меларди 3,8-м щІигъур текІуэдэнущ илъэси 3-м кьыщыщІэдзауэ 7-м нэс зи ныбжь сабийхэм мазэ кьэс хухахыну ахъшэм. КьищынэмыщІауэ, улахуэр зэрат фондми хохъуэ сом мелуан 260,7-кІэ. Ар хухэтхьнущ 2021 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ МРОТ-м хэтгъэхъуэныж (сом мин 12-рэ 792-рэ хъунущ). Улахуэм и гъэтІылъыгъэ фондыр дгъэбелджылащ сом мелуан 567,9-м тещІыхьауэ. А ахъшэр зэрудутІыпщынущ КЪБР-м и Іэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьхьыным и Іэдакъэ «Лэжьакіуэ щхьэхуэхэм я кьрагъэкІ щІыналъэхэм хъумэныжьмкІэ къэрал Іуэхущ1апІэхэм щІылажьэхэм я улахуэм яхущІыгъуным.

КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Афэщ1агъуэ Михаил** Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым теухуа законопроектым щытепсэлъыхьым кьыхигъащІащ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом меларди 8,3-рэ хъууэ ахъшэ лей кьыхэзрыІэрыхьэм и фІыгъэкІэ щІыналъэм и хэхъуэр процент 23,4-кІэ нэхъыбэ зэрыхъуар икІи иджы ягпэу республикэ бюджетыр сом мелард 40-м зэрящхьэдэхар. Апхуэдэуи абы щІигъащІ бюджетым и процент 70-р социальнэ Іуэхугъэ зэфІэгъэкІыным зэрыгетщІыхьар, сом меларди 2-р пенсэм дыщІагъуным трагъэкІуэдзну зэрамурадыр.

Зэ1ущ1эм кьыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сату щІапІэхэм лэжьыгъэр кьыззэрыщІызэрагъэпэщІым теухуауэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законым и Іыхьэ 3-м, «КЪБР-м щІыхуэхэм я Іыгъ ящІэрыгъэ-пэщынырщ. Си фІэщ мэхъу депутатхэр адэкІи жыджэру я лжьыгъэм зэрыпэрытынур.

Егоровэм журналистхэми фІыщІэ яхуищІащ икІи кьыхигъэщащ дяпэкІи жыджэру ахэр зэдэлжьэну зэрыщІыгугъыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек** Егоровэ Татьянэ арэзы дэхъуащ коронавирусым и зэранкІэ 2020 гъэр дунейм псом дежкІэ илъэс нэхъ гугъу дыдэхэм ящІащ зэрыхъуамкІэ, щІыхуэм и узынщагъэмрэ и гъащІэмрэ екъулІэуэ шынагъуэ къихьу. Абы кьыхэкІыу коронавирус узыфэм пэщІэтыныжьмкІэ КЪБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ зэгъэусу зэфІагъэкІа лжьыгъэр, кьапщтэмэ, илъэсым кьайхъулІахэр республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэхэм кьыщыщІэщІкІуэжьыныр КЪБР-м и Іэтащхьэм тэмэму къилъытэри, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм кьытеувыІащ. КІуэкІуэ Казбек Парламентым щиІа докладыр ди газетым и кьыкІэлыкІуэ кьыдэкІыгъуэм тетынущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Адыгэ махуэгъэпс-щІэнгъуазэ-2021

● Хъыбар гуапэ

Мы махуэхэм дунейм кьытехьащ 2021 гъэм цІыхухэм я Іэпэгъуу, чэнджэщэгъуу, щІэнгъуазэ, яІэну махуэгъэпс тельыджэ. Иджы ебланэу кьыдэкІ махуэгъэпс-щІэнгъуазэр куэдкІэ нэхъ бейщ адрейхэм нэхърэ.

АБы адыгэ дунейм щІыІэрыІуэ лъэпкъыпІ куэдым я цІыхэр ихуащ, ятеухуа хъыбар кІэщІхэр кьыщыхьащ, нэхъыщхьэращи, зи лэжьыгъэкІэ, Іуэхущ1афакІэ, зэфІэкІкІэ, зэчийкІэ, щыпсэу хэкум и мызакъуэу, щІыпІэ куэдым щІыІэрыІуэ ди лъэпкъыгъуэхэр кьыщалъхуа махуэхэр итщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Урысей псом, хамэ къэралхэм зи цІэр щыІуа Іэщ1агъэлІрэ щІэныгъэлэ1у цІыху 1600-м я цІэхэр щызэхъухьэсащ абы. Адыгэ зэрыс хэгъэгухэмрэ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэмрэ кьыщыхъуа Іуэху гъэщІэгъуэну 600-м щІигъу фыщрихьэлІэнущ. Хабзэм, тхыдэм, гъуазджэм, щэнхабзэм ехьэлІа Іуэхугъуэхэм, псалъэжьхэм, жьІэгъуэхэм, псынщІэрыпсалъэхэм, цІыху щІэрыІуэхэм я гупсысэхэм кьызэрымыкІуэу купщІафІэ ещІ махуэгъэпсыр.

Илъэс псом кьриубыдэу зэбгъэдэжкІ хъууэ Іэнащхьэм тельыну махуэгъэпсым махуэ бжьыгъэ кьурифщІэну къудейкьым, атІэ гъэщІэм кьыщыфхуэсэбэпын, фи щІэныгъэм хэзыгъэхъуэн хуэд кьывджыкІынущ. Абыхэм, шэч хэмылъу, фи махуэр нэхъ щІэщыгъуэ ящІынущ.

Тхылъхэм, журналхэм щумыгъуэтын хъыбар, Іуэхугъуэ кІэщІхэм зыми емыщхь ещІ мы кьыдэкІыгъуэр. Ар махуэ кьэс уи пащхьэ илъыныр, кьэбгъэсэбэпыныр уасэншщ.

Махуэгъэпсыр зэхэзылъхьар «Адыгэ псалъэ» газетым и редакторэ нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Щ1ІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академиемэ и вице-президент Хьэфіыщ1э Мухьэмэдщ. ПІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъуэгу гъэ псэкІэ кьызыхэкІа лъэпкъым хуэлажьэ, дуней псом щызэбгрыпхъа адыгэхэм пыщІэныгъэ яхузиІэ, адыгэ дунейм кьыщыхъу-кьыщыщІэхэм ятеухуа хъыбар псом япэу кьызыІэрыхьэ Хьэфіыщ1эм и1эщ щІыхуэхэм зэрадэгъэшэн куэд. Абыхэм ящыщІ кІэщІу, гурыІуэгъуафІэу, зэман темыкІуадэу махуэгъэпсым кьивджыкІынущ хьыбархэр.

Дуней псор зэщІэзыщта интернетым и псынщІагъымрэ щхьэпэгъымрэ емыфэгъуэкІ хъэпшыт тельыджэщ махуэ кьэс зэбгъэдэжкІыу илъэс псокІэ кьыдэгъэуэгурыкІуэну Адыгэ махуэгъэпс-щІэнгъуазэр. Мы щІэныгъэкІэ нэхъ пасэу дунейм кьытехьащ.

Махуэгъэпсыр Налшык къалэ дэт «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм кьыщыщІигъуэтынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

ХъуэпсапIэхэр нахуапIэ мэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу ныбжьыщIищым Илъэсыщ1эм и пэ къиухуэу саугъэтхэр яхуищIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ.

«ХЪУЭПСАПIЭХЭМ я псей» Урысейпсо псапащIэ акцэм ипкъ иткIэ я гугъапIэ нэхуэхэр кьайхъулIащ Къардэн Эльдар, Белов Виктор, Понэж Омран сымэ. НыбжьыщIэхэр щIэхъуэпсыр смартфоныщIэ, Lego Minecraft конструкторрэ зэрыджэгу танкышхуэхэр илъэсыщIэ тыгъэ хуащIыну. Саугъэтхэм я гъусэу сабийхэм Егоровэ Татьянэ яхуигъэхьа тхыгъэ кIэщIым ар цIыкIухэм Илъэсыщ1эмкIэ щIохъуэхъу икIи «узыншэу, насыпыфIэу къэхъуну, я гъащIэ гъуэгум цIыхуфI фIэкIа щахуэмызэну, я хъуэпсапIэхэр къайхъулIэну» зэригуапэр яжриIащ.

Фигу къэдгъэкIыжьинщи, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр акцэм хыхьащ, псейм фIэлъ тхыгъэхэм кьеджэурэ сабийхэм я хъуэпсапIэхэр зыхуэдэр зрагъэщIащ. Депутатхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ сабий 200-м щIигуу ягъэгуфIэну къагъэгугъащ икIи махуэ гъунэгъуэхэм ар ягъэзэщIэнущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Уи щIыхуэхэм щыгъуазэ зыщI»

***КъБР-м щыIэ Суд приставхэм я федеральнэ Iуэхущ1апIэм (ФССП) и Управленэм и унафэщI, КъБР-м и суд пристав нэхъыщхьэ Бауаев Ахъмэт республикэм щылажьэ СМИ пэрытхэм папщIэ пресс-конференц иригъэкIуэкIащ. Абы къекIуэлIахэр ФССП-м и электрон зэпыщ1апIэхэр къэбгъэщхьэпэным фейдэуэ хэлъымрэ къэралым и щIыхуэ ятелъ-рэ ятемылъ-рэ къызэрыпщIэну Iэмалхэмрэ тепсэлъыхьащ.**

- Сыт «Уи щIыхуэхэм щыгъуазэ зыщI» акцэр щIрагъэкIуэкIыр?

- ФССП-м щIыпIэ хэхахэм щиIэ къудамэхэм «Уи щIыхуэхэм щыгъуазэ зыщI» зыфIащa Урысейпсо хъыбарегъащIэ акцэ ирагъэкIуэкI. Абы и мыхьэнэм хохьуэ къэбгъэгъа илъэсыщIэ махуэхэм. Ар ди щхьэусыгъуэу республикэм иц щIыхубзм захудогъазэ я щIыхуэхэр и чэзум ятIыжьну, хэхьищIэхэр зыIэрагъэхьапхъэм Iэрагъэхьэну. Сыту жыпIэмэ, хэзыгъэзыхь тезыр кьыгралъхьэ хъумэ, ахэр щIыхуэ псори зытрамыгъэкIыжауэ щхьэщахьжьнукъым.

- ЩIыхуэ зэрыптелъыр дауэ кьызэрыпщIэнур?

- Суд приставхэр зэрымыщIэкIэ къатеуэу я гукъыдэжыр хуамыкъутэн папщIэ, илъэсыщIэ махуэшхуэхэр къэмысыпэ щIыкIэ, дэтхэнэ зыри «Банк данных исполнительных производств» электрон хэщIапIэм ихьэу, щIыхуэ ятелърэ ятемылърэ зрагъащIэ хъунущ. Ар телефонкIи къызэIуПх мэхъу. Абы щIыхуэ ятелърэ ятемылърэ къызэрыщIэ къудейкъым, дяпэкIэ къыпэщылъ уи хэщIыпщIэхэм я мардэр зэрыт тхыгъэхэр къыпхуретгъэхь.

Электрон Iэмалхэр къызэрыунэхуам и фIыгъэкIэ, иджы хэти хуитщ суд приставхэр щылажьэ Iуэхущ1апIэм мыкIуэу, я щIыхуэхэр зытрагъэкIыжыну, ардыдэм ахъшэр зэрептам и щIыхьэту къэув квитанцэхэр къыпхуригъэхьынущ. ТезыркIэ къыппаубыдэIамэ, пщIэщIахьэхэм хуэдэу, ахъшэр зэрептам теухуауэ Iэмал имыIэу суд приставым хъыбар ебгъэщIэн хуейщ. «Банк данных исполнительных производств» хэщIапIэм фIыуэ хэлъхэм язщ и зэфIэкIхэр хабзэм и унафэм щIэт нэрыбгэ щхьэхуэми, Iуэхущ1апIэ хэхахэми зэрахуэзIухар, абыхэм ящIащ дэтхэнэ зыми щIыхуэ тельэр темылъэр нэгъэсауэ кьыщIэну Iэмал зэрыритыр.

Зи гугъу тщIы хэщIапIэр тынш дыдэу мэлажьэ. Ар къэбгъэсэбэпын папщIэ, Управленэм и сайтым ихьэу, уи цIэунэцIэ хуэдэхэр зэрытхапхъэм иптхэу, «къэпщытэн» («проверить») унафэм тепкъуэзмэ, зэфIэкIащ. Жэуапыр секунд бжыгъэ фIэкIа темыкIуадэу къыпIэрохьэ. ЩIыхуэ птемылъу щытмэ, ари занщIэу Iуплъапл1эм къытридзэнущ. ЗыгуэркIэ щIыхуэ птелъу къыщIэкIмэ, ар таблицэ щхьэхуэм зэрытыпхъэм деж ихъу кьигъэлъэгъуэнущ.

Дэтхэнэ хэхьипщIэми дэфтэр щхьэхуэ иIэжщ. Псалъэм папщIэ, и чэзум умыпшыныжа къуэды, алимент, унапщIэ, кредит, налог, пенсэм хагъэкI ахъшэ, кьинэмыщIхэр.

А псом нэмыщI, «Банк данных» жыхуэтIэ хэщIапIэм дэфтэрыр гъуэгу кьыщытехьа махуэр, мазэр, илъэсыр, ар къэзыта Iуэхущ1апIэр, щIыхуэм и инагъыр, Iуэхуэр зэфIэзых къудамэм и цIэр, суд приставым и цIэ-унэцIэр кьратхэ.

- Суд приставхэм дауэ зэрызахуэбгъаэз хъунур?

- Суд приставхэм я Iуэхущ1апIэм умыкIуэу, абыхэм «Интернет-щIыхьэпIэ» жыхуаIэ Управленэм и электрон IэмэпсымэмкIэ захуэбгъаэз хъунущ: (http://r07.fssp.gov.ru/). Ар дыдэм хуит уещI электрон IэмалкIэ суд приставым лъэIу тхыгъэ хуебгъэхьыну. Ар къэхъулIэн папщIэ, уи пащхьэ къарлъхьэ электрон тхыгъэм и жьипхъэм итхапхъэхэр иптхэмэ, зэфIэкIащ. Псалъэм папщIэ, щIэунэцIэ, унэ хэщIапIэр, кьинэмыщIхэр. Гу лъытапхъэщ электрон IэмалкIэ ирагъэхь лъэIу тхыльым лей зэрыраметхэм, Iуэхуэр зыIут дыдэм фIэкIа, нэгъэущI хъыбар кьыщебгъэкIуэкIыныр кьызэремызэгъым. Абы кьыппиубыд дэфтэрхэр суд приставым зыщIыхуагъазэ щхьэусыгъуэм епха Iуэхуэгъуэхэм я пэжыпIэм щыхьэт хуэхъупхъэу аращ. «Интернет-щIыхьэпIэр» Iэмал тынщщ суд приставхэр хэмыту зэфIэмыкIыну дэтхэнэ зы Iуэхуэгъэри ириззфIэпхьну.

КъБР-м щыIэ ФССП-м и къудамэм цIыхубэр щIыгъуазэ ещI иджипсту екIуэкI уз зэрыщIалэм щыхъума хъун папщIэ, и Iуэхущ1апIэм цIыхуэхэр лъэIу тхылъкIэ фIэкIа зэрыримыгъэблагъэм. Апхуэдэ Iэмалыншагъэм ирихулIар «ЗыхеГъэтхалIэ» (Запись на прием») къудамэм ихьэу, лъэIу ирагъэхьын хуейуэ аращ, и Iуэхуэр и чэзум зэфIахьынущ. Iуэху яIэу суд приставым зыхуэзыгъэзэну хуейхэм я кIуэгъуэхэм я зэхуакум махуэ 30 нэхърэ мынэхъ мащIэ дэлъын хуейщ. ЛъэIу тхылъыр кьалэрыхьа нэужь, дэфтэр кьыздащтапхъэхэр сыт хуэдэми, щыгъуазэ уащIынущ. Ущрагъэблагъэну зэманыр яубзыхуэ нэужь, дэтхэнэ зыми талон щхьэхуэ иIапхъэщ приставым деж щыкIуэну зэманыр, щхьэусыгъуэр, махуэр иту. А упщIэхэм я жэуапыр зыхуэй хуэзэуэ этхмэ, талоным и копие Iэрагъэхьэнущ. Iуэхущ1апIэм еблагъэм уз зэрыщIалэм щыхуэма зэрыхьпхъэ Iэмалхэр кьызэрригъэщхьэпэр дэплъагъуэ, нэкIыпIуэгъэрэ Iэлъэрэ иIэн хуейщ.

- Къэпщ1эну уэзыхуейр тыншу кьыпIэрызыгъэхьэ Iэмэпсымэхэр фи Iуэхущ1апIэм щылажьэрэ?

- Къэралым щыхубзм яIэрригъахьэ псори щызэхуэхьэса хэщIапIэм (Единый портал госуслуг) къудамэщIэ кьыщызэIуахащ: щIыхуэ зытелъхэмрэ ар Iызыхьжьыпхъэхэмрэ я лъэIуэр, тхьэусыхафэхэр, Iуэхуэр зыIутыр зыубзыу адрей дэфтэрхэр ФССП-м зэрырагъэхь электрон Iэмэпсымэ. Ар нэрыбгэ щхьэхуэхэми Iуэхущ1апIэхэм яIэ хуитыныгъэщ.

Электрон IэмалкIэ Iуэхуэр зэфIахыну кьызэраублам и фIыгъэкIэ, щIыхуэ зытелъхэмрэ ахэр Iызыхьжьхэмрэ зэхуэмызэу Iуэхуэр зэфIагъэкIыну Iэмал яIэщ, тхыльымпIэ лей кьрамыхьэкIыуи мэхъу.

Зи гугъу тщIы хэщIапIэр ФССП-мрэ Урысейм Бжыгъэр зи тегъэщIапIэ зыужьыныгъэмкIэ, зэпыщ1эныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнат1эмкIэ и министерствэмрэ зэгъуэгу кьызэрагъэпэщащ. Абы и фIыгъэкIэ щIыхуэм суд приставхэм щIызыхуагъэзапхъэ щхьэусыгъуэ псори электрон IэмалкIэ зэфIэпх мэхъу, ар УФ-м и дэтхэнэ щIыпIэми щолажьэ.

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

● Тхэквондо

Бэлахъуэм и гъэсэнхэр къыхожанымкI

Дыгъэгъазэм и 16 - 20 махуэхэм Тэтэрстаным и къалащхьэ Кьэзан щыIэзэта, Урысей Федерацэм тхэквондомкIэ и чемпионатымрэ зэхьэзэхуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм медаль 19 кьыщахьащ.

БАЛИГЪМИ ныбжьыщIэм щIалэрэ хъуэджэбзу цIыху 1320-м щIигъу зыхэта зэпеуэ иным тренер щIалэщIэ Бэлахъуэ Елдар и гъэсэнхэм фIы дыдэу зыкъыщагъэльэгъуащ. Кьалщтэмэ, килограмм 58-м нэс зи хьэльагъ цIыхухъухэм я деж Апхуд Тимур домбеякъ медалыр кьыщихьри, тхэквондомкIэ спортым и мастерым и мардэр игъэзэщIащ.

Ныбжьыщ1эхэм я зэпэщIэтыныгъэм пашэныгъэр щагубыдащ Кьалэ Амир (кг 60), Куэтэншы Мурат (кг 35-рэ), Гузбэшы Сэлим (кг 26-рэ) сымэ. Дэтхэнэми иригъэкIуэкIа зэIущIитхур и текIуэныгъэ дахэкIэ иригъэухащ. Абыхэм зымащIкIэщ кьаззрыкIэрыхуар финалым щызэуа Хьэтыхъу Къантемыр (кг 35-рэ).

Гупу зззауэхэми щытекIуащ Кьалэ Амир, Исакъ Амиран, Куэтэншы Мурат сымэ зыхэта Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр. Абыхэм зэкIэлъхьэужьу хагъэщIащ Новосибирск областым, Тэтэрстаным, Башкортостаным, Самарэ областым, Хабаровск крайм щыщхэр. Стоп-балл лIэужьыгъуэм къыщыхэжаныкIащ Исакъ Амиран (кг 50), Кьалэ Амир, Гузбэшы Сэлим сымэ.

Бгырыпх зэмыфэгъуэхэм я фестивалым щынэхъыфIу кьалъытащ Сасыкъ Исмэхьил (кг 35-рэ), Кьуэдзокъуэ Залым (кг 45-рэ), Абазэ Ислъам (кг 26-рэ), Трегубов Георгий (кг 40), Кьущ1ыкъ Айдэмыр (кг 45-рэ).

Урысей Федерацэм и чемпионатымрэ зэхьэзэхуэмрэ кьарикIуахэм япкъ иткIэ, тхэквондомкIэ кьэралым и командэ кьыхэхар зэхагъэуващ. Абы хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу 8.

ХЬЭТАУ Ислъам.



● Ди махуэгъэпс

Дыгъэгъазэм и 27-р Урысейм и КъегъэлакIуэхэм я махуэщ

РСФСР-м и Министрхэм я Совет-ым 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, ди къэралым кьыщызэрагъэпэщауэ щытащ Кьегъэлакiуэхэм я урысей корпус зыфIащa къулыкъыр. Иужьым, 1995 гъэм щэкIуэгъуэм и 25-м, УФ-м и ипэ Президент Ельцин Борис и унафэкIэ, а Iуэхущ1апIэм зэреджэр зэрахъуэкIащ, «КьызэрымыкIуэ щытыкIэхэм ипэщIэтыныкIэ Къэрал комитет» цIэр иIэу.

ЗИ ГУГЪУ тщIы кьулыкъум щолажьэ зи Iэщагъэм хуэIэижь мафIэсгъэункIыфIхэр, бгырыкIуэхэр, псым и щIагъыр щIэзыпщытыкIхэр, жьыхуIьатэ-кхъухьлъатэзехуэхэр, хьэ гъэсахэр зи гъусэхэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр, ипэжьипIэкIи, кхъухькъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм: мафIэсхэм, псыдзэхэм, гъуэгум кьыщыхуэ зэжьэхэуэныгъэхэм, нэгъуэщIхэми гузэвэгъуэ хадзауэ фэбжь кьыхуэзыхэм щадзIэпыкъукIэ, езыхэм я узыншагъэр, уеблэмэ, я щхьэр халъхьэжькIэ зэрыхъунур зыдзэщIэж Iэщагъэлп нэсщ.

2020 гъэм кьрикIуахэм я ятIрей бжыгъэхэм къыздэрагъэльэгъуамкIэ, Iуэху мыщхьэпэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэхуа цIыхухэм ящыщу Урысейм и МЧС-м и Iэщ1агъэлIхэм кьрагъэлахэм я бжыгъэ мини 100-м щIигъащ, псэуныгъэм дежкIэ зэраныгъэшхуэ кьэзышэ щIыпIэхэм цIыху мини 150-м нэблагъэ кьрагъэIэпхъукIащ. Псалъэм щхьэкIэ, зи кIэ диплъэ мы илъэсым кьегъэлакIуэхэр псэемыблэжу яужь итащ Норильск и Iэшэлъашэм щызэбгрыжа щIыдагъэр, адэкIи зэраныгъэ кьрамыгъашэу, лъэныкъуэкIэ егъэзыным, къэрал иным и мэзхэм кьыщыхьуа мафIэсхэм ятпщIэтыным, КъуэкIыпIэ Жьыжьэм и щIыпIэ зыбжанэм кьыщиуа псыдзэхэм цIыхуэхэмрэ ахэр щыпсэу жьилхэмрэ щадхъумэным. Апхуэдэуи Урысейм и КъегъэлакIуэхэр мы гъэм кьриубыдэу нэгъуэщI кьэралхэми щыIащ, абыхэм гузэвэгъуэ щыхэхуа цIыхухэм щадзIэпыкъуэ.

КьыззэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ министерствэм (МЧС-м) щылажьэхэм мы махуэм псалъэ дахэ хужаIэ, щIыхь тхыльхэмрэ дипломхэмрэ ират, «Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и кьегъэлакIуэ» цIэ лъапIэр хуагъэфащэ, хъуэхъу телеграммэхэм кьахуоджэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 26,
щ1эбэт

♦Урысейм и ПВО-м хыхьэ Лъэсыдзэхэм я махуэщ

♦Инджылызым, Австралием, Новэ Зеландием, Канадэм щагъэлъапIэ тыгъэ щIыным и махуэр

♦Словением и щхьэхуитныныгъэмрэ и зэкъуэтыныгъэмрэ я махуэщ

♦1783 гъэм Франджым щыщ физик Ленорман Луи Себастьян, езым иригъэфIэкIуэжа парашютыр къигъэсэбэпри, Париж дэт унэ лъагэм япэ дыдэу къелъащ.

♦1812 гъэм Наполеон и дзэ зэхакъутам и сэлэтхэр Урысейм икIыжащ.

♦1825 гъэм Санкт-Петербург и Сенат утыкум декабристхэм зыкъыщIэтащ.

♦1898 гъэм Франджым щыщ зэщхьэгъусэхэу, химик цIэрыцуэхэу Кюри Мариерэ Пьеррэ дунейм щыяпэу радий элементыр ящахутащ.

♦1991 гъэм СССР-р зэрыщымыIэжымкIэ Декларацэр къащтащ.

♦Китаймэ и унафэщIу илъэс 33-кIэ щыта **Цзэдун Мао** къызэралъхэрэ илъэси 127-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Адыгей облислепкюмым и унафэщIу щыта **Напщ1экъуий Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, КъБАССР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыз Борис** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр цIэрыIуэ, уэрэджыIакIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Боярский Михаил** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, политик, Абхъаз Республикэм и премьер-министр **Анкваб Александр** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 27,
тхьэмахуэ

♦УФ-м щагъэлъапIэ КъегъэлакIуэм и махуэр. 1990 гъэм РСФСР-м и Министрхэм я Советым и унафэкIэ къыззрагъэпэщащ къегъэлакIуэхэм я Iуэхущ1апIэ щхьэхуэ. 1995 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м УФ-м и Президентым унафэ кьыдигъэкIащ а Iэщ1агъэм ирилажьэхэм я махуэр гъэлъапIэным теухуауэ.

♦Къыргызстаным и паспорт-визэ кьулыкъущ1апIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

♦1877 гъэм Санкт-Петербург цирк кьыщыщIэуахащ. Иджыпсту ар Урысейм и зыкъэгъэльэгъуапIэ утыку нэхъыжь дыдэу кьалъытэ.

♦1929 гъэм Сталин Иосиф СССР-м и мэкъумэщ Iэнат1эм коллективизацэ щегъэжьуэкIыным теухуа Iуэхуэр кьыхихьащ.

♦1939 гъэм СССР-м и ЦIыхубз комиссархэм я советым и Гъэззщ1акIуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ кьыщтащ къэралым и цIыху балигъ псоми паспорт яIэн икIи дэтхэнэри щIыпIэм щатхаэу щытын зэрыхуейм теухуа унафэр.

♦1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ къалмыкъхэр я щIыналъэм ирашри, Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жьыжьэмрэ я щIыналъэхэм ягъэIэпхъуауэ щытащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжьмкIэ, Къалмыкъ АССР-м ирагъэкIат къалмыкъ 91919-рэ.

♦1959 гъэм Налшык къыщызэIуахащ телемеханикэ аппаратурэ къыщыщIагъэкI завод.

♦1968 гъэм Мейкъуэпэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и утым «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» фэеплъыр къыщызэIуахащ.

♦1972 гъэм Къэзахъстаным и къалащхьэм пэмыжжьжьэу къыщызэIуахащ щыпмахуэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зэпеуэхэр щегъэкIуэкIыным, абыхэм захуэгъэсэным хуэгъэпса «Медео» комплексыр. Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщт ар.

♦1979 гъэм Москва лажьэу щаутIыпщащ лъакъуэрыгъажэкIэ къэжьхьыным хуэгъэпса трек. Олимпиадэм и пэ къиухуэу ди къэралым щащIыну яубзыхуауэ щыта ухуэныгъэхэм ящыщ зыт ар.

♦Дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал **Конев Иван** къызэралъхурэ илъэс 123-рэ ирокъу.

♦Скульптор, СССР-м и цIыхубэ художник, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Вучетич Евгений** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Америкэ балетым и къэфакIуэ пажу щыта **Черкасская Марианнэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 5 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 28,
блыщхьэ

♦Кином и дунейпсо махуэщ

♦Кинематографым и махуэщ. 1895 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Люмье зэкъуэшхэу Огюстрэ Луирэ дунейм щыяпэу Париж щагъэлъэгъуащ езыхэм кьагупсыса аппараткIэ траха фильм кIэщIхэр.

♦1869 гъэм Америкэм щыщ Семпл Уильям Финли ягъэныщкIу сагъыз къызэригупсысам и щыхьэт тхылъ ираташ.

♦1895 гъэм нэмыцэ физик Рёнтген Вильгельм цIыхум и Iэпкъпхъэпкъым зэпхыпплъыф бзий тельыджэ къызэрыгъэIуихам теуха хуэбарыр хэIуцIыIу ищIащ. Иужьрэ абы рентген цIэр фIащащ.

♦1911 гъэм Урысейм щыяпэу гуэдзыр хамэ къэралхэм кьишыным теухуа унафэ кьащтащ, и цIыхуэхэр гъаблэм кьригъэлын мурадкIэ.

♦1925 гъэм, и ныбжьыр илъэс 30 фIэкIа мыхъуауэ, дунейм ехьжащ урыс усакIуэ цIэрыIуэ Есенин Сергей.

♦1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ къалмыкъхэр я щIыналъэм ирашри, Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жьыжьэмрэ я щIыналъэхэм ягъэIэпхъуауэ щытащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжьмкIэ, Къалмыкъ АССР-м ирагъэкIат къалмыкъ 91919-рэ.

♦1959 гъэм Налшык къыщызэIуахащ телемеханикэ аппаратурэ къыщыщIагъэкI завод.

♦1968 гъэм Мейкъуэпэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и утым «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» фэеплъыр къыщызэIуахащ.

♦1972 гъэм Къэзахъстаным и къалащхьэм пэмыжжьжьэу къыщызэIуахащ щыпмахуэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зэпеуэхэр щегъэкIуэкIыным, абыхэм захуэгъэсэным хуэгъэпса «Медео» комплексыр. Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщт ар.

♦1979 гъэм Москва лажьэу щаутIыпщащ лъакъуэрыгъажэкIэ къэжьхьыным хуэгъэпса трек. Олимпиадэм и пэ къиухуэу ди къэралым щащIыну яубзыхуауэ щыта ухуэныгъэхэм ящыщ зыт ар.

♦Дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал **Конев Иван** къызэралъхурэ илъэс 123-рэ ирокъу.

♦Скульптор, СССР-м и цIыхубэ художник, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Вучетич Евгений** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Америкэ балетым и къэфакIуэ пажу щыта **Черкасская Марианнэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ХьэкIуащэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет гимнастка, жылагъуэ лэжьакIуэ, Олимп Джэгухэм бгъуэнейр щытекIуа, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Латынина Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, уэрэджыIакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, «Ромэн» театрым и унафэщI **Сличенкэ Николай** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦СССР-ми УФ-ми самбэмрэ дзюдомкIэ щIыхь зиIэ я тренер, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Куэблэ Екъуб** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Виторган Эммануил** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист **Къэжэр Борис** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ, УФ-м и гражданствэ зрата актёр **Депардье Жерар** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, режиссёр, сценарийхэр зытхыу щыта **Бодров Сергей** къызэралъхурэ илъэс 49-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Бемырзэ Зураб** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 5 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 28,
блыщхьэ

♦Кином и дунейпсо махуэщ

♦Кинематографым и махуэщ. 1895 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м Люмье зэкъуэшхэу Огюстрэ Луирэ дунейм щыяпэу Париж щагъэлъэгъуащ езыхэм кьагупсыса аппараткIэ траха фильм кIэщIхэр.

♦1869 гъэм Америкэм щыщ Семпл Уильям Финли ягъэныщкIу сагъыз къызэригупсысам и щыхьэт тхылъ ираташ.

♦1895 гъэм нэмыцэ физик Рёнтген Вильгельм цIыхум и Iэпкъпхъэпкъым зэпхыпплъыф бзий тельыджэ къызэрыгъэIуихам теуха хуэбарыр хэIуцIыIу ищIащ. Иужьрэ абы рентген цIэр фIащащ.

♦1911 гъэм Урысейм щыяпэу гуэдзыр хамэ къэралхэм кьишыным теухуа унафэ кьащтащ, и цIыхуэхэр гъаблэм кьригъэлын мурадкIэ.

♦1925 гъэм, и ныбжьыр илъэс 30 фIэкIа мыхъуауэ, дунейм ехьжащ урыс усакIуэ цIэрыIуэ Есенин Сергей.

♦1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ къалмыкъхэр я щIыналъэм ирашри, Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жьыжьэмрэ я щIыналъэхэм ягъэIэпхъуауэ щытащ. Тхыдэм къызэрыхэщыжьмкIэ, Къалмыкъ АССР-м ирагъэкIат къалмыкъ 91919-рэ.

♦1959 гъэм Налшык къыщызэIуахащ телемеханикэ аппаратурэ къыщыщIагъэкI завод.

♦1968 гъэм Мейкъуэпэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и утым «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» фэеплъыр къыщызэIуахащ.

♦1972 гъэм Къэзахъстаным и къалащхьэм пэмыжжьжьэу къыщызэIуахащ щыпмахуэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ зэпеуэхэр щегъэкIуэкIыным, абыхэм захуэгъэсэным хуэгъэпса «Медео» комплексыр. Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщт ар.

♦1979 гъэм Москва лажьэу щаутIыпщащ лъакъуэрыгъажэкIэ къэжьхьыным хуэгъэпса трек. Олимпиадэм и пэ къиухуэу ди къэралым щащIыну яубзыхуауэ щыта ухуэныгъэхэм ящыщ зыт ар.

♦Дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал **Конев Иван** къызэралъхурэ илъэс 123-рэ ирокъу.

♦Скульптор, СССР-м и цIыхубэ художник, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Вучетич Евгений** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Америкэ балетым и къэфакIуэ пажу щыта **Черкасская Марианнэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градусу 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Благъэжь бий умыщIи, псы жапIэжь унэ тумыщIыхь.

● КъБР-м Коронавирусым кIэлъыплъымыкIэ и оперативнэ штабым къет

2020 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м ирихьэлIэу

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 353.773-рэ
Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 15.206-рэ
Иужьрей жэщ-махуэм кьриубыдэу къахутахэр - 100
Сымаджэщхэм щIалъхэр - 1.454-рэ
Реанимацэм щIалъхэр - 90
Хъужахэр - 13.223-рэ
Вирусым и зэранкIэ дунейм ехьжахэр - 255-рэ

КъэкIуэнур си псэм ещIэ

АЦКЪАН Руслан и усэщIэхэр

* * *

Зэщ1оуфIыщIэ арыххэу уэгу щIагъыр,
зэщIэскъыскъэу дунейр зэм
къысщохъур.
Зэрызохьэ, зэпэджэурэ, къуаргъхэр,
зы Іуэхушхэ зэрахуэ зэщIыгъуу.

Я нэгу кIыфIым хужьыгъэ къыпхощыр,
къакIарех и мэ гуакIуэри уэсым.
Къытхуахьынур а къуаргъхэм сэ сощIэ,
согужьей, сльагъумэ щIыухэр зэхуэсу...

* * *

Си щхьэщыр жьыбгъэм ирежьэкI
Іэбжкіэ щабжкіэ, уэр-сэру.
Щэху Іэджэ жьыбгъэм кърехьэкI,
къыздэгуэшащ кIуэ пэтрэ сэри.

Сэ нышэдибэ си гугъат
къыстеункIыфIыну дуней иныр.
Иджы гурыщIэм сыкъелэт,
дунейр щопжIу арагуэру си нэм.

Хэхъуэным ун гур хуейкъым куэд,
гуапагъэ тIэкIущ ар къуарыхьуэтыр.
Ар къыздикIынур зыщIэр хэт,
хэт зыщIэр укъызэригъуэтынур?

* * *

Сыпхуэзэшащ гум кьина жьыбгъэ,
уэ нышIыщIат си гугъэ Іэджэ.
Жьэгу Іугъуэм и мэр абы щыгъуэм
сощIэж зэрыщытар кьепхьэкIыу.

Иджы уи нэгур сыт щIэбгъэщкIур,
уежэкIрэ удзым ухэлъадэу?
Сэ къысщыхъунти унэгъуэщIу,
а гущабагъыр пхэмыльатэм.

Сыпхуэзэжащ, гум кьина жьыбгъэ,
зэщIэбгъэхьауэ дуней иныр.
Иджыри къэскIэ сэ солъыхъуэ
и купщIэу гъащIэм къэслыытэнум.

УкъыздикIыжымкIэ згъэзэнут,
схуэмыкIуэ си гур а лъэныкъуэм.
УздэкIуэм иэс суригъусэнут,
тегушхуэныгъэщ схуримыкъур.

Ухуабэщ нобэкIэ, угуапэщ.
Пщэдей си кьупщхьэр бгъэдинущ.
Къыхьзохьжыр си зекIуапIэр,
сызышэжынур сэ ди унэм...

* * *

Жыгхэр, заущэхури, къэтIэпIащ,
лъым къыхьхьэу, къуащ гъатхэм и мэр.
Зэи къэмыхъуауэ гугъэ сщIымэ,
сыкъыбгурыIуэну, сыт жьыIэи?

Кънури зэуэ, жыгхэр къэгъэгъащ,
хуэдэщ хъуа, лъэтэнум ещхьу, псынщIэ.
Си гум лъагъуныгъэ кIасэ ищIмэ,
снуклын е гъащIэм хигъэхъуэн?

Мо хужьыгъэ зимыIэжыр щэху,
жьыбгъэм дихьэхауэ пылъэтынущ.
Гупсэхугъуэ сэ сымыгъуэтыну,
жыгхэм къапыкIэнур къапыкIэху...



* * *

Игъащ1эм фIыуэ солъагъу жыгхэр,
семыгупсыс къызыхэкIым.
Сахоплъэ зэрысщIэжрэ пшэхэм,
си гущIэм Іэджи щызэблэкIыу.

Абыхэм я зэхущытыкIэр
гурыщIэу щыIэм я нэхъ къабзэщ.
Итани, пшэхэр гъуэгу щытеткIэ,
солъагъур жыгхэр зэрыхъуапсэр.

Зэмыщхь абыхэм я псэукIэр,
я натIэм итри зэхуэмыдэ.
Зым уафэм щамыгъуэт псэхупIэ,
адрейхэр щIылъэм хокIэ быдэу.

Блэкі пшэхэм сакIалъэпльыр кIыхьу,
ещIа жыг цIынэр щIызоIэтэ.
Сэ сщIэркъым пшэхэм къыщIакIухьыр,
сэ сощIэ жыгхэр щIым щIыхэтыр...

* * *

Жэщ нокъуэм уэшхым къыщIидзащ,
къыщхьэщыкIуатэу си псэупIэм.
Ар пIейтеигъэ зафэзэщт,
теухьырт псоми и фIэщыпэу.

Нэхущым деж ар ежьэжащ,
къызэпсэльэкIыу, шхыдэ щIыкIэу.
СфIигъэкIуэда абы зы жэщ
е къызита гурыщIэ Іэджэ?

Сэ согупсысыр уэшх блэкIам.
ЩIым зэщIифащ ар, зимыгъэнщIу.
Уэшх ткIуэпсхэр дэни ещIэкIащ,
ткIуэпс къэс дунейр къыпхышс
къысфIэщIу.

* * *

СыхуокIуэ сэ шыпсыранэм,
сщIэ пэтми сызэрисынур.
Плъэгъуарэт ар зэрыгъагъэр,
хэпхъа фIэкIа умыщIэу пшагъуэ.

Щэху защIэщ абы и гъащIэр,
апхуэдэу щIэсырри къащIэ.
Зихъумэжыну арамэ,
япэу дэщIынур сэракъэ.

Зысхьумэжын хуейт сэри,
ауэ солъэ шыпсыранэм,
сфIэфIщ абы сызэриалыгъуэр.
СщIарэт мы си гур зылъыхъуэр...

* * *

Сыкіуэнщ а лъапсэм, тезгъэзэнщ,
зэ сыщыIати, си нэгу щIэкIкъым.
Абы и щIантIэм сыхуозэш,
сыщалъхъуа лъапсэр сигу кьигъэкIыу.

Слъагъу хуэдэщ абы щекIуэкI псор.
Мес, хьэндырабгъуэ щызолъатэ.
Уэшх къешхмэ - джабэм къежах псыр,
зиплъыхьу, щIантIэм кьыдольадэ.

Ар ди ныбжьэгъуэм и щIантIэжьт,
езыр иджы дунейм тетыжькъым.
ЗыщIар и адэм и адэжт
унэ ду кIыхьым езгъэщхьыжыр.

Екіэщіэ пкъохэр къызэпхощ
ятIагъуэ бльным, дзажэм ещхьу.
ГужьеигъуафIэм изогъэщхь
абы кьытеубгъуэ унащхьэр.

Зым емыщхь гуэрхэр зыхэсщIат,
сыщыбгъэдыхьэм сэ а унэм.
Абы нэхугъэ гуэр щхьэщытт
кьиуфыд кьудейуэ уи псэм, уи нэм.

Ныбжьэгъур зыхулъэкIхэм щыщт,
мы унэр сытыт зыхуихъумэр?
А упщIэм уэ си фIэщ умыщI
зэгуэр жэуап иIэнкIэ хъуну...

* * *

Сеплъыхмэ - пшагъуэр кьыдокIуей,
зылъэIэс псори псыIэ ищIу.
СымыщIэ сэ сыщIэпIейтейр,
кьрекIуэ, сыт абы кьызищIэр.

Арщхьэкіэ, къоєри, сегъэтхытх,
кьыстрегъауэ защIэу зэпыр.
Сызытет гъуэгум дыздэдых,
сызднынэсари сымыщIэжу.

Сэ арыншами сыгуитIщхьитIт,
дунейм и щэхухэм сагъэдахьэт.
Сэ щIысщигъэпщкIур пшагъуэм сыт
си гурыфIыгъуэ зырызыхэр?

Тегупсысыкіыу арагъэнщ,
къыздимыкIамкIэ мэкIуэж пшагъуэр.
Иджы сэ сызыхуэпльэу хъуар
нэхъ Іупщ1у слъагъуу щхьэ
къысщыхъурэ...

* * *

Зэм уэс Іэтэ мазэм щызолъагъу,
зэми сытхъу кIэрещIэ уафэ джабэм.
Уафэм щыIэ гуэрхэр си псэльагъущ,
щIылъэм сыщолъхьхъуэ хуабэ кIапэ.

Си гур щIыIэм нсу нэху сыкъокI,
махуэр зэрыхъунур зэкIэ сщIэркъым.
КьрахуэкIым ещхьу махуэр блокI,
сэри сокIэрахъуэ абы щIыгъуу.

Махуэм и кIэр зэпым хуэкIуэжынщ,
ар къыстуенжынкъым, сызэрешу.
Зэхэуэнщ и нэгури - къэсщIажынщ
жэщым сыритыну сызэришэр...

* * *

Мо уафэм къыщекIуэкIым
гур пэмыджэж и фIэщу.
Сльэгъуащ уэлбанэ Іэджэ,
дунейр икъуэтэ сфIэщIу.

Къожажьэ уафэгъуагъуэр,
куэд мыщIэу щыблэ уэнущ.
Къысфlэlуэхужькъым щIагъуэу —
ар хунтщ, Іэуэлъэуэнум.

Хузощ1, итIани, фIыщIэ
мо щыблэ къысщхьэщытым.
Ар къыстехуэн къысфIэщIу,
сыщыпсэуарщ нэгу щIэтыр...

* * *

Си гупсысэкIэр хъуащ нэгъуэщI,
сэ зысхъуэжащ и гъусэу гъащIэм.
Си дзыхь зэзгъэзыр мащIэ хъуащ,
абы сыт хуэдэу сигу хигъэщIрэ.

Ар сыту гугъу - си фIэщ мыхъуж
фIыуэ слъагъу псысэм и кIэухыр.
Ныбжь гуэр жэщ кIыфIым
хэслъэгъуэнщ,
пщэдейм пыщIа си гугъэр сIихыу.

Щхьэусыгъуэишэу сыпIыщIэнщ,
сыдаIуэу жыжьэ, гур кIылъэту.
Сопсэу апхуэдэу. Ар ищIам,
къысхуигъэгъунтэкъым си адэм...

* * *

Псыхъуэр зэрыщыту екIуэсэх
къысщыхъуащ - кIыуат псы
цIыкIур ину.
ЩIыIэу си гупсысэм къеIуэсащ
ди псыр зыгъэжакъуэ хым и гъунэр.

Иным игъэпабгъэр сыту куэд,
щигъэгъущIэу къэзыльхуар зищIысыр.
Псынэм и къабзагъыр псым фIокIуэд,
игу дыхьэну хэтуэр тенджызым...

* * *

Мастэнэм ириуащ Іуданэр,
къихуа и щIыIур кьигъуэтыжри.
И нитI ешар пльэзащ итIанэ,
ещхь хъууэ псэ зыхэмытыжым.

Ауан къищI хуэдэ, мастэр лыдырт
щIыIу джафэр Іэпэм щIэмызагъэт.
Хэт кьигурыIуэну зэпильытыр
жьы хъуа цIыхухъум, зи щхьэзакъуэм.

Ар щыст мыхъейуэ, даIуэ щIыкIэу.
Ныбжь гуэрхэм пэшым
къыщакIухьырт.
Дэузу и псэр гущIэм пхькIыу,
икIыжт мастэнэм гъащIэ кIыхьыр...

* * *

Къыкъуоур жьыбгъэр. НапIэзыпIэм
зэхэзехуэн ди ныджэр ещI.
Уэс Іэтэм щIопщэ и фIэщыпэу,
зэщIэзыгъэстым мафIэ ещхьщ.

Къыспожьэ ар, къыспэплъэ щIыкIэу,
и Іэпалэ щIыIэр къызешэкI.
КъыщIегъьэхьэж си нэгум Іэджэ,
къэкIуэну гуэрхэр нэгу щIегъэкI.

Сыкъэкіуэжащ ди псыхъуэ щэхум,
жэщ къэскIэ хъуат абы сепщIыхь.



Арщхьэкіэ сигу щIэныкъуэр
сщIэркъым,
зэшыгъуэр сэ къыстокIуэ щIэх.

Хужьщ дунеишхуэр, нэр щIисыкIыу,
мэз задэр знутхьипщIыну хэтщ.
Нэтемыгъахуэу сфIэщI зэрыджэр
иджыри къэс абы кьыпхощ.

Мыл пIащIэм щэхуу псыежэхыр
къыщIэпсэльыкIыу кьыстщыхъуащ:
«Сынышпэпльат нэхъуейр ижьыукIэ,
гъэмахуэм дэнэ ущыIа?..»

* * *

Жьы хъуа си жыгым щхьэр
изогъэщIыр,
и пкъым щызекIуэр лъыкIэ зыхэсщIэу.
И тхьэмпэ закъуэ щабэу кьыстохуэ,
аращ зэрыхъур и гум кьрихур.

Зыри естакъым, зыри хуэсщIакъым,
ар хэзысари, уеблэм, сэракъым.
Ныблэстхъуу щыIэщ сыщыдэкIан,
кьысхуридзыхми щыщ кьыпыкIахэм.

Иджы кьыпыкIэ абы щыIэжкъым,
нэхъапэм хуэдэу ар Іущщэжкъым.
А мащIэрати хуэзфIэкIыр,
зэхуихьэсащ жыг фо сэ щхьэкIэ...

* * *

Кьилъэту гур, сыхоплъэ щIым.
Жыг тхьэмпэ гъуахэр ещхьщ ятIагъуэм.
Пшэ кьэлъэхъшам щIым и мэ щоу,
щхьэ темыхьэжрэ и лъагъуэм?

Зэм кхъащхьэу Іуащхьэ кьэс
къысщохъу,
кIэнауэр мащIэу солъагъу зэми.
Аргуэру кIуащ си зы ныбжьэгъу
къыздимыкIыжьым зыри, зэи...



* * *

Гъуэгу, гъуэгу, гъуэгу - къоуэ си гур.
Жьэгу, жьэгу, жьэгу - къоуэ си гур.
Гъуэгумрэ гумрэ зэхуокIуэ.
Жьэгумрэ гумрэ зэпокъур.

Къысхуэгъэгъу, сыщалъхуа унэ,
къысхуэгъэгъу, сыщапIа лъапсэ.
Си гугъакъым сыпсэуну,
фи дежкIэ сынэхъуапсэу.

Гъуэгухэр сщIарэт зыдэщIыр,
си гур зыхуейр пхагъэкIкъым.
Сыпсэууэ аркъудейщ сэ,
ухыгъэм сыIэщIэкIыу.

Кьэкіуэнур си псэм ещIэ:
зауэм кьикIыжым ещхьу
зэгуэрым сынэкIуэжынущ,
уIэгъэхэр згъэхъужыну...

Школ хъыбархэр

Фэеплъым и илъэсым къриубыдэу

Дыззрыщыгъуаззщи, 2020 гъэр Урысей Федерацэм щагъэуващ Фэеплъым и илъэсу. УФ-м и Правительствэм къищта апхуэдэ унафэм и тегъэщIапIэ нэхъыщхьэу щытар 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ къызэрыщихьрэ илъэс 75-рэ зэрырикъурщ.

ФЭЕПЛЪЫМ и илъэсым къриубыдэ Іуэхугъуэ куэд ди хэкум щызэфIахащ дызэрыкI гъэм и кIыхьагъкIэ. ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэри Іэтауэ дэнэки щагъэлъэпIащ, уз зэрыцIалэ лIэужьыгъуэщIэм зэрызиубгъуам щхьэкIэ сакъыныгъэ ихэлъу. Он-лайн щытыкIэм иту дэнэкIи къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Уахътышэ полкым и пэкIури. Къэралпсо мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ Іуэхугъуэшхуэм нэмыщI, УФ-м хыхьэ щIынальхэм щекIуэкIащ, ноби къыщызэрагъэпэщ Фэеплъым и илъэсыр гъэлъапIэным хузгъэпса лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Дапщэщи хуэдэу, абыхэм жьыджэру хэтщ ди республикэм и еджапIэ, гъэсапIэ Іэнатlэхэр. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа пшыхьхэр щекIуэкIащ, зэпеуэ зэхэлIэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщащ абыхэм. А лэжьыгъэхэм ящыщ куэдым къарикIуахэм иджыблагъэ щыхэплъэжащ Трошев Геннадий и цIэр зэрихьэу Налшык дэт курыт школ №11-м.

ЕджапIэм щызэхуахьэсат «Зауэм и лыгъейр зыплъэIэса сабиигъэ» зэпеуэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэту, ди республикэм и школакIуэхэм Фэеплъым и илъэсым къриубыдэу ягъэззэщIа лэжьыгъэхэр: Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм, ТекIуэныгъэ Иным, ветеранхэм, лъэпкъхэм яку дэлъыпхъэ мамырыгъэм, зэныбжьэгъуэхэм ятеухуа сурэтхэр, сабийхэм я къалэмыпэхэм къапыкIа усэхэр, эссеехэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм набдзэгубдзаплIэу хэпльэжащ зэпеуэм къхэзыгъэпэща къэпщытакIуэ гупыр. Абы хэтащ «Урысейм и гугъапIэ» урысейпсо бзылъхугъэ зэщIэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр, республикэм Гъуэзджэхэмкіэ и музейм и лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр. Абыхэм ягъэбелджылащ зэпеуэм щытекIуэхэри жыджэру хэтахэри.

- Ди гуапэ хъуащ къэралпсо мыхьэнэ зиIэ а Іуэхум ди республикэм щыщ сабий куэд жыджэру зэрыхэтар. НыбжьыщIэхэм я закъуэкъым жэрдэмыр ящIыдзэзыIыгъар - Іуэхум къыхьхьащ адэ-анэхэри. Мы гъэм дызэрыт щытыкIэмрэ егъэджэныгъэм и нэхъыбапIэр зэпэщIэу зэрекIуэкIамрэ къэпльытэмэ, нэгъуэщIри хъунутэкъым, дауи, - жеIэ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ гупым я пашэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шаваевэ Разият. - Лэжьыгъэ хъарзынэ къыщрахьэлIащ зэпеуэм. Абы хэта дэтхэнэ ныбжьыщIэри гулъытэнщэу къызэрыдмыгъэнэным дыхущIэкъуащ. ФIыщIэ ин хуэдэ Іуэхум къыхьыжьа тхакIуэ щIэрыIуэ Котляров Виктор. Абы и уней тхылъ тедзапIэр кьытхуэупсащ сабийхэм тыгъэ яхуэтщIын тхылъхэмкIэ.

Хэкупсэ зэпеуэ иным хэтахэм гуапэу захуигъэзащ «Урысейм и гугъапIэ» урысейпсо бзылъхугъэ зэщIэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Черновэ Алёнэ. Апхуэдэу текIуахэм ехъуэхъуащ республикэм Гъуэзджэхэкіэ и музейм и лэжьакIуэхэр, журналистхэр. ТекIуахэм хуагъэфэщащ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

Ныбжьыщ1э зэчиифI эхэм ядолажьэ

Лъэпкъ проектхэр

Ди республикэм ехъулIэныгъэ яIэу щолажьэ УФ-м и Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм ящыщ куэд. Абыхэм я нэхъыбэр епхащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатlэм.

«ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ» лъэпкъ проектым къызэщIиубыдэ «Дэтхэнэ сабийми и ехъулIэныгъэ» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт школ №91-м къыщызэрагъэпэщащ дэрбзэр Іэщ1агъэм щыхурагъаджэ Іэнатlэ. Дэным, бзэным дахьэх хъыджэбз цIыкIу 270-рэ зэкIуалIэ еджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэ псори хуэунэтIащ ныбжьыщIэхэр гъащIэм хуэгъэхьэзырыным, къыхахыну Іэщ1агъэм нэхъ пасэу еГъэгупсысыным. 4 - 10-нэ классхэм щеджэ пщащэ щIыкIуэм ядыф хъуащ школ фащэм щIыгъу кIэпхынхэр, бостейхэр, кIэхэр, плIэ щIыкIуэр, нэгъуэщI щыгъынхэр. Апхуэдэу хъыджэбз цIыкIуэр яфIэфIу худжэ Іуданэ зэмыфэгъуэмкIэ, щыгъэ жьгъейхэмкIэ хэдыкIыным, зэрыдэ машинэхэм я зэпкърыльэкIэхэми щыгъуазэ зыхуащI.

А Іуэхугъуэхэм ныбжьыщIэхэр щыхуоджэ зыхуей-зыхуэфI псомкIи къызэгъэпэща мастерскойм. Абы щIэтщ дакIуэ цIыкIуэхэм еджэным къыщагъэсэбэп хабзэ хъэпшыпхэр: зэрыдэ, зэрыхадыкI, къызэрадыхь машинэхэр, етуэхэр, щыгъынхэр щадкIэ ахэр зрагъапщэ манёкенхэр, лэнистэхэр, Іуданэ зэмыфэгъуэхэр икIи зэхуэмыдэхэр, дэрбзэр Іэщ1агъэмкIэ методикэ чэнджащхэр зэрыт тхылъхэр, апхуэдэуи шынагъэнщэу уэзрылэжьэным хузгъэпса дэфтэрхэр.

Дзэыхьэх Іуэхугъуэ елъытауэ ныбжьыщIэхэм щадэлажьэ апхуэдэ Іэнатlэхэм я фIыгъэкIэ школакIуэхэм зэгъэтыфынущ Іэщ1агъэ зэмылIэужьыгъуэхэм епха пэщIэдзэ щIэныгъэрэ Іэрыхуагъэрэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Псалъэжьхэр

Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ

- ♦Гъэм и зы махуэм щIымахуэм уегъашхэ.
- ♦Хуэмыху унафэ щIынкIэ Iэзэщ.
- ♦ЖьантIэм ущIэмыкIу, пхуэфащэмэ, къыплъысынщ.
- ♦Уэлъэ1у къэгъани, кьолъэ1у къашэ.
- ♦Зи нэхъыжь едаIуэ и Iуэху мэкIуатэ.
- ♦Ялъ дэжьлам ущIэмынакIэ.
- ♦Зи щхьэ зыфIэмыдэхэж щыIэкъым.
- ♦Зумыхьэри уимыIэри зыщ.
- ♦Зымылъэгъуа хашэ хъурхъым.
- ♦Зыщ1эм жиIэркъым, жызыIэм ищIэркъым.
- ♦Иужьрей Iуэху бзу кIагъущ.
- ♦Къапхъэнми имыгъапщIэ иубыдыркъым.
- ♦Къэмыфэфым пшынауэм трелъхьэ.
- ♦Къалэн зыщыпщIыжыр къалэн пхуохьу.

● Прозэу тха усэ

Сыхуейт!

ГъащIэр зэрыкIэщI дыдэр хъарзынэу ящIэ дунейфIыгъуэ зиIэу напэ зимыIэжхэми. Напэр нэхъ къулеягъэшхуэу къызыхуэнахэми... Ялэм жеIэ: «Гъащ1эр пщIащхъуэщ. НапIэзыпIэм пIэщIэлъэтынурэ, мы дуней дахэшхуэм ухэкIыжынущ... Къыхэх! Къыхэтхъ! ЗэлъэфаIэ! А зэ псэуГъуэрщ къуитари, ухущхьэрэ ущатэу иумыхьэжI...» ЕтIуанэм къыпедзыж: «Пэжщ, гъащIэр напIэзыпIэщ. БлэлъэтУ къытегъаэз зимыIэхэм ящыщщ. Ауэ дунейфIыгъуэр зэплъэфаIэу и кум уитIысхьэжами, уэ нэхърэ нэхъ насыпыфIэу зыкъызолъытэж сэ. Си напэр зэрыкъабзэм щхьэкIэ. Ар зыщ1эжахэм сызэрыфщымыщым щхьэкIэ...» Сэ гукIи псэкIи етIуанэм срителъхьэщ, ауэ... Ауэ гуащIэмрэ гущIэгъуэрэ си бзу Къытщхьэщытым сеупщIыну сыхуейт: ярэби, цIыху напэр кьабзэу зыхъумэм тезыр теплъхьауэ ара, и гъащIэ кIэщI тIэкIур мыгъуэмыIэу ирихьэкIыну? Хьэмэ, пэж дыдэу дунейпэжыр къыщыптпэплъэр адэкIэ? Дауи щрет, сэ сыхуейт мы дуней хьэху цIыкIум гупсэхуу тIэкIурэ сыщыкъэщIыну. Зэхэпхрэ, ди Тхьэ, - сыхуейт!

IУТIЫЖ Борис.

● ГушыIэ

ТхьэкIумэкIыхьыр ялъагъуэжакъым

Зэи фоч зымыгъэуа Машэ фочыншэ Мышэ гъусэ ищIри, щакIуэ кIуат.

Уэршэру къакIухьурэ, хуей зэгъуэкI гуэрым зэрихьэу, къызидикIари къызыдихуари ямыщIэу я пащхьэм тхьэкIумэкIыхьыр ин гуэр кьихутащ.

Мышэ ар зэрилъагъуу гуфIащ:

- ЩIэхьыу еуэ, Машэ, дехъулIащ. И фэр тщэнщи, и лыр тшхынщ.

Машэ еуэн идакъым:

- Сыт жыпIэр? Фочыр уэнрэ мыуэнрэ умыщIэу занщIэу уеуэ хъурэ?

- АтIэ дауэ хъуну?

- Дауэ хъун?... Фочыр дзэгъэуеинци, уэмэ итIанэ сеуэнщ.

- Сыту фIыуэ къэбгупсыса ар. ЩIэхьыу дэгупсыса ар.

Машэ фочыр дриГъэуеящ, ауэ зэныбжьэгъуитIым яуфIыцIа я нэр кьыщагъэплъэжьым я пащхьэм ита тхьэкIумэкIыхьыр ялъагъужакъым.

БЕКЪУЛ Барэсбий.

● ЖьIэгъуэхэр

Фыгъуэ щыкуэдым фIыгъуэ щокIуэд

- ♦Тхьэмыщкlагъэм кьытригъуэвэмэ, шей кьари уефэщ.
- ♦Тхьэмыщкlитl я унафэ кьутэжыгъуафIэщ.
- ♦Уэзрыщымыта хьугъуафIэщи, уэзрыщыта хьужьыгъуейщ.
- ♦Уэзыуб уигъэтIысыркъым.
- ♦УкIытэр насыпым и шыпхъущ, нэмысым и къэушщ.
- ♦Уи делагъэр къагурыIуэмэ, уделэну тынщ.
- ♦Уи жьэ жиIэ унагъуэм кьини, уи Iэ хуэщIэ гъунэгъум егъэлъагъу.
- ♦Уи лъэкI нэхърэ уи гугъэ нэхъыбэмэ, уи пщэгурыгъ зэриудынщ.
- ♦Уи щэху зыщIэм уегъэпщыII.
- ♦Фадэ зи нэрыгъ и жып гъуанэщ.
- ♦Фадафэ здашэ щIэупщIэркъым.
- ♦Фыгъуэ щыкуэдым фIыгъуэ щокIуэд.
- ♦Фыгъуэнэдрэ нэпсейрэ зэтIолъхуэныкъуэщ.
- ♦Фыз хуэмыху сэхуран IункIынкIэ Iэзэщ.
- ♦Фызыр бзаджэмэ, лIыр хэжэсщ.
- ♦ФIимыгъэжар и хьэрэмми, ишхыр арат.
- ♦ТхьэмыщкIэм и псалъэ гуапи гуапагъэу къалъытэркъым.
- ♦Зыри зэмылъэIур езыр лъэIуакIуэщ.
- ♦И напэ тебза къэнжалыр улъият.

КIЭРЭФ Хьэсэнбий.

Адэм и гурыгъу

Хъыбар

ФIЫ дыдэу зэрылъагъу зэныбжьэгъуитI щыIэт. Хьэбалэ зыпхъу иIэт, Гъур зы щIалэ къыхуэхъурт. Зэман дэкIри бынхэр балигъ хъуащ, щIалэмрэ хьыджабзымрэ фIыуэ зэрылъэгъуащ. АдитIым ар я жагъуэнт?! ПIалъэ ягъэуври, я бынхэр зэрагъэщащ. ХьэгъуэлIыгъуэм и дауэдапщэхэр дэкIри, ныбжьыщитIым зэдэпсэун щIадзащ...

Зэман дэкIауэ Гъур Хьэбалэ деж къакIуауэ зэпсалъэу щысхэт. Хьэбалэ и ныбжьэгъум зыхуегъаазэри:

- Уэ, си жагъуэнт, ауэ! Ди бынхэр зэрызэрыгъуэтрэ зы гурыгъу гуэрым сыхэтщи, ар зыхэхун хуейт. АбыкIэ укъызэдIэпыкъун? - жеIэри къоупщI.

- Си Iэзэгъуэрэ си къарурэ хэлъмэ, абы сыт щэч къытетпхьэжьын щIыхуейр?

- Уэ бощIэ сэ фэ зэщхьэгъусэжьи уи щIалэрэ сызэрыфщIыр, абы псалъэ лей хуеижкъым - фызинэщ, фызэипсэщ. Ауэ щыхъукIэ, нэми щIэхуэнIауэ сыхуейкъым, псэми техуэнIауэ сыхуейкъым. Дэ драмыIэж хъумэ, си хьыджэбзым уи щIалэр унагъуэ ищIыфынымэ, и ныбжьэгъу яхигъэнъуэщэфынымэ, згъэужьэмэ сфIэфIт. Дауэрэ уеплърэ уэ абы?

- Ар хэткIи зэранкъым, нысэ цIыкIур псэзэпылъхьэпIэ иумыдзэмэ.

- Хьэуэ, зэрыбгэ хъунур къэпщIыхун щхьэкIэ, ар псэзэпылъхьэпIэм щIыпIэгъэсыни щыIэкъым. Уэ укIуэжмэ, уи щIалэр къэзыIуци, мы ныбжьесIнухэр егъащIэ: япэ жэщым кьрекIуэлIэж жэщыбгым, нысэм игъахъэм деплъынщ; етIуанэ жэщым и ныбжьэгъу гуп и гъусэу, гувэпауэ кърекIуэлIэжи, гупыр нысэм игъэхьэщIэн хуей ирещ, абыи зыгуэр кьыгхуиIуэтэнщ; ещанэ жэщыр уэлбанэщхуэу кхъихрэи, а гуп дыдэр и гъусэу жэщ ныкIуэм блэкIуэу кьрекIуэлIэжи, ирегъэхьэщIэ, езы щIалэхэр щымысхьу унэ лъэгур ирыратIыкI, ирыраутыкI, абыи къимыгъачэмэ, итIанэ си хьыджэбзыр унагъуэ нэрыбгэ хъуну дыщыгугъынщ. Хьыбарыр уэ кьысIэрыбгъэхьэжынщ. ДызэгурыIуаж абыкIэ?

- ДызэгурыIуаж, згъэззэщIэнщ! - педзыж Гъур.

Гъур мэкIуэжри, и ныбжьэгъум пщэрылъ кхъухуищIауэ хъуар и щIалэм ирегъэIуэтылIэ, ауэ быдзу жреIэ нысэм зыкIи гурыщIхъуэ иримыгъэщIыну, зи ужь ихьа Iуэхум зы мастэкIи щыгугъуэ имыщIыну.

- ЩIалэм и адэм кьыжриар игъэззэщIэну ижь ёохьэ. Жэщыр хэкIуэтауэ ябыщысижьым сыт илъагъур? Нысэр къожьэри щысщ зызэрIимыхьыжауэ, жьэгум щыфIэдза шыуаным илъ ерыскъыр мыупщIыIужьын папщIэ, мафIэри зэхимыгъэкIыу иIыгъщ. И щхьэгъусэр къызэрыщIыхьэжу къыщолъэтри, и щIакIуэр кхъыех, Iэщэр пылъапIэм фIедзэ хъыдан гъущэкIэ илъэщIуэр, тас кхубгъан къещтэри, зрегъэтхъэщ, и дамэм еупIэкIа напэIэлъэщIымкIэ зрегъэпсэщIыкри, жьэгу мафIэм и гъэжгъуу Iэнэр кхъухуегъэуври, ерыскъы хуабжкIэ егъашхэ. Ар шхэху уанэш упщIыIужам дек макIуэри, зи ныбзпххэр щIалэм къигъэлэлэхха уанэр кхьитрехьж, шыр шэщым щIешэж. АпщIондэху жьэгум пэригъэува псыр хьохуабэри, щIалэм и IуэхуэкIэр хуетхъэщ, пIэр ещIыжри егъэтIуэлпкъж. ЗдэщыщIакIи игъэхъакIи зы псалъэкIэ и Iуэху хилъхьэкъым, «Езым хуейуэ кIыльытIэмэ - кIыжжиIэнщI» - зыхужеIэжри. Ари зэти зэфIэкIыжьыну.

НэгъуэщI жащ гуэрым щIалэм гупыфI и гъусэу къожьIэж адакъэ Iэгъуэхэм нэблэгъауэ. АрщхьэкIэ нысэм ар уэим ищIакъым. Ерыскъы хьэзыру иIэр яхутригъэувэри, щIалэм хьэщIэ ныш иригъэуклащ. Iэнэ хъэупсэгъуэ яхъуигъэуври гупыр фIы дыдэу кьигъэхьэщIащ. Нэху щыщми и нэбдзыпэ зэтримыльхьауэ и Iуэху иужь ихьэжащ, къэунэху махуэдэм кIыхьижьхьэ гурыфIыгъуэм хэту. А ильэгъуамкIэ и щхьэгъусэри арэзы быдзэ мэхъу.

Ещанэ жэщым уридэкIуеину уэшх къешхыу, уафэри кьызэгъуэныим хуэдэу гъуагъуэу, щыблэри зэкIэлъхьэпIэту уэуэ, зызылIэж жьыбгъэми и макъым мыгъуэпIыжауэ едэIу нысэм къытеуэжащ и щхьэгъусэм и ныбжьэгъу гупыр и гъусэу. ЩIакIуэ къомым къапыж псым унэ лъэгур зэриГъэфри къримыдзэу, гуфIэпсыжу:

- Псыфэ хъуа къыфхэт, мо мафIэм и гъунэгъуу фыкъакIуэ, сэ иджыпсту а уэлбанэшхуэм кьыхэфхыжа фи псэ пIыщIахэр къыфхуэзгъэхуэбжьынщ! - жиIэу бзэрабзэу япежьри, къригъэблэгъащ, мыпхуэдэ уэлбанэм псэууэ гупыр кьызэрыхэкIыжам щыгуфыкIыпIэу. ЗарегъэтхьэщI-зарегъэлъэщIри, фо махъсымэ пIащIэ изу зэрыт кхъуэщыныр Iэнэм кьахутрегъэувэ, ерыскъы хьэзыр и куэдти, Iэнэр кьахуеуэздри:

- Фышхэ, си псэ тIэкIуэх! ПIыщIа къыфхэтми, къэхуэбжьынщ, псыф хьуа къыфхэти гъущыжьынщ! Фэ фыпсэууэ, фыкъызынщэу фыкъыкъэхуэжамэ аращ нэхъапэри, фыхэIэбэ, сэ иджыпсту гуэгушыхъу бэгъуари къыфхуэзгъэхуэбэжынщи, фызгъэтхъэжынщ! - яжриIэрт нысэ гуапэр ерыскъым фIыуэ хэзыкъуэ щIалэхэм.

ЩIалэхэм загъэнщIыжащ, фо махъсымэ пIащIэри тIэкIу кьапкърохьэри, джэгу ящIмэ яфIэфI мэхъу. Ар нысэм щраIуэкIым:

- Уэлбанэ жэщыр зэшыгъуэщ, дыгъужьрэ пэткIэ зегъэпщкIу, зыздзэвгъэпщкIуари фи унэщ, фи унэм щыфщIэнумкIэ ныкъуиткъэ, си нэхуэ! Фэ джэгу фхуэзмыщIмэ, сэ хэт джэгу хуэсщIын? ТIуми кьыддалъхуа диIэкъым, диIэр фэращи, Тхьэм кIыхь дызэхуищI! - жиIэщ, и пшынэр кьищтэри, унэ лъэгум щыщ умыыпIагъужу я вакъэ псыкрэ я1тэ защIэхэмкIэ ираутыкIыу, езыхэм «хъунщ!» жаIэху пшыни яхуеуэу, гъэрыгугъуэуи къадзэфхуэрэ гупыр игъэжэгъащ. Нэху щыщым, щIалэ гуэркэр тыкуэным яГъакIуэри, тыгъэ IпапIэхэр къыхуарагъэхь. Ахэр апхуэдизу гуапагъэр къызыпыкIа нысэм иритуэр я нэхъыжьыуэм кьыжрелэ:

- Ди шыпхъуфI, дыщэр уи гум кьощэщ, ерыскъым я нэхъыфIыр уи Iэрыкъщ! Уэ дэлъху уиIатэжкъымэ, еплъ иджы уи цIыхугъэм, уи ерыскъы жумартым, уи гупагъэ гъынэшэмрэ шыIэныгъэшхуэу пхэлъымрэ дэлъху къыпхуищIа къомым! Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэри хьэзырщ уэр щхьэкIэ и къару кьихь емыблэжьныу! Дэ уэ удгъэнэхуурэ умыщIэхэу дыпкIэлъыплъащ. Насыпэ мыкуэжкIэр иIэщ уэ зи пIэ лъапэ укъыщытэджми, ди ныбжьэгъумкIэ ауи дигу ныкъуэкъым! Насыпым, зэпэщым, псом хуэмыдэу - узыншагъэм Тхьэм фыщимыгъащIэкIэ! Унагъуэ укъызэрыхьар лъэпкъ мащIэщ, Тхьэм птыригъабагъэ!

- Сэ цIыкIуэ зыхэлъ дзэ-анэ сагъэсащ, фэ пщIэрэ щыхьэрэ фхуэсщIыфращ сэри си уасэр. Сэ сывгъэнэху кьхьэкIэ зыри нэхъ лейуэ сщIауэ схужьыIэнукъым. Си щхьэгъусэмрэ ди ныбжьэгъуфIхэмрэ пщIэ яхуэсщIыфмэкъэ сэри пщIэ щызиIэнур? Жьэ джатэрэ щэныщIагъэкIэ мы дунейм къытепхыфи щыIэкъым, фIым хуэзфIэмыкI зэи Iейкъ кьыпхуэхьынукъым. Сэ фэ сыфхуэщхьэхмэ, а зи унэ сыщIэс фи сыгъэм дауэрэ сыпуплъэжьну, ар унагъуэ сщIынкIэ кьысщыгугъэну и гъащIэр кьызихьэлIауэ? Фэри узынщагъэрэ гъащIэрэ тхъэм къзывит! А тIур фиIэмэ, мыпхуэ посри фыфейкъэ! - яжреIэ нысэ гуапэм.

Апхуэдэ акъыл зэтесэр гъэсэныгъэ дахэрэ зиIэ нысэм и хъыбарыфIым узригъэжьэнт?! Гъур Хьэбалэ деж нэмыс щыкIэ, и хьыджэбзым и хъыбарыфIыр Iэрыхьагъэхъат, ауэ итIани и Iуэхур зи пщэ ирилъхьа и ныбжьэгъужьым ёзым и жьэкIэ кьыжриIэмэ, нэхъ и гуапэт. И ныбжьэгъуми куэдрэ зэрыгъэжьакъым, къэсри Iуэхур кьызэрекIуэкIар, нысэм и жэуап Iущхэри щIигъуу, кьыжриIэжащ.

Мис иджы уэри сэри долIэ жьдмыIэми хъунущ, си ныбжьэгъужь! Ди сабийхэр зэхуэфащэ дыдэу зэрихьэлIащ, цIыхугъэрэ щыпкъагъэкIэ узыщIигугъ хъун унагъуэ кьагъэщIащи, тхъэм жьы зэдищI! ТIуми быныр ди мащIами, а кьыдита мащIэр надэрэ куэдым яхуэдэ Iэджэм Iэрыр нэхъ пщIэ лIэу кьыщIэкIащи, ари гурыфIыгъуэщхуэщI! - жеIэ Хьэбалэ.

- Пэж дыдэщ жьыпIэр, Хьэбалэ. Быныр адэ-анэм емыфIэкIмэ, гъащIэр и пIэм йоуджьых, лъэпкъми къэралми заужьынукъым! Ди щIэлэр Тхьэшхуэм тхуиуэзэщI!...

Апхуэдэ нэмысрэ гъэсэныгъэрэ зэрылъ унагъуэм гъащIэм и жьыуейхэри кьридзэркъым, абыхэм ирагъэщIыфырыкъым, жагъуэгъу псалъэри кьепIэскIуфIыркъым. Хэкум и лъэщагъри, лъэпкъым и кьэкIэунри апхуэдэ унагъуэхэм кьыщожьэ.

ШЭРДЖЭС Алий.

● Псалъэжьхэр

Сыхуейт!

ГъащIэр зэрыкIэщI дыдэр хъарзынэу ящIэ дунейфIыгъуэр зиIэу напэ зимыIэжхэми. Напэр нэхъ къулеягъэшхуэу къызыхуэнахэми... Ялэм жеIэ: «Гъащ1эр пщIащхъуэщ. НапIэзыпIэм пIэщIэлъэтынурэ, мы дуней дахэшхуэм ухэкIыжынущ... Къыхэх! Къыхэтхъ! ЗэлъэфаIэ! А зэ псэуГъуэрщ къуитари, ухущхьэрэ ущатэу иумыхьэжI...» ЕтIуанэм къыпедзыж: «Пэжщ, гъащIэр напIэзыпIэщ. БлэлъэтУ къытегъаэз зимыIэхэм ящыщщ. Ауэ дунейфIыгъуэр зэрилъагъу зэныбжьэгъуитI щыIэт. Хьэбалэ зыпхъу иIэт, Гъур зы щIалэ къыхуэхъурт. Зэман дэкIри бынхэр балигъ хъуащ, щIалэмрэ хьыджабзымрэ фIыуэ зэрылъэгъуащ. АдитIым ар я жагъуэнт?! ПIалъэ ягъэуври, я бынхэр зэрагъэщащ. ХьэгъуэлIыгъуэм и дауэдапщэхэр дэкIри, ныбжьыщитIым зэдэпсэун щIадзащ...

Зэман дэкIауэ Гъур Хьэбалэ деж къакIуауэ зэпсалъэу щысхэт. Хьэбалэ и ныбжьэгъум зыхуегъаазэри:

- Уэ, си жагъуэнт, ауэ! Ди бынхэр зэрызэрыгъуэтрэ зы гурыгъу гуэрым сыхэтщи, ар зыхэхун хуейт. АбыкIэ укъызэдIэпыкъун? - жеIэри къоупщI.

- Си Iэзэгъуэрэ си къарурэ хэлъмэ, абы сыт щэч къытетпхьэжьын щIыхуейр?

- Уэ бощIэ сэ фэ зэщхьэгъусэжьи уи щIалэрэ сызэрыфщIыр, абы псалъэ лей хуеижкъым - фызинэщ, фызэипсэщ. Ауэ щыхъукIэ, нэми щIэхуэнIауэ сыхуейкъым, псэми техуэнIауэ сыхуейкъым. Дэ драмыIэж хъумэ, си хьыджэбзым уи щIалэр унагъуэ ищIыфынымэ, и ныбжьэгъу яхигъэнъуэщэфынымэ, згъэужьэмэ сфIэфIт. Дауэрэ уеплърэ уэ абы?

- Ар хэткIи зэранкъым, нысэ цIыкIур псэзэпылъхьэпIэ иумыдзэмэ.

- Хьэуэ, зэрыбгэ хъунур кьэпщIыхун щхьэкIэ, ар псэзэпылъхьэпIэм щIыпIэгъэсыни щыIэкъым. Уэ укIуэжмэ, уи щIалэр къэзыIуци, мы ныбжьесIнухэр егъащIэ: япэ жэщым кьрекIуэлIэж жэщыбгым, нысэм игъахъэм деплъынщ; етIуанэ жэщым и ныбжьэгъу гуп и гъусэу, гувэпауэ кърекIуэлIэжи, гупыр нысэм игъэхьэщIэн хуей ирещ, абыи зыгуэр кьыгхуиIуэтэнщ; ещанэ жэщыр уэлбанэщхуэу кхъихрэи, а гуп дыдэр и гъусэу жэщ ныкIуэм блэкIуэу кьрекIуэлIэжи, ирегъэхьэщIэ, езы щIалэхэр щымысхьу унэ лъэгур ирыратIыкI, ирыраутыкI, абыи къимыгъачэмэ, итIанэ си хьыджэбзыр унагъуэ нэрыбгэ хъуну дыщыгугъынщ. Хьыбарыр уэ кьысIэрыбгъэхьэжынщ. ДызэгурыIуаж абыкIэ?

- ДызэгурыIуаж, згъэззэщIэнщ! - педзыж Гъур.

Гъур мэкIуэжри, и ныбжьэгъум пщэрылъ кхъухуищIауэ хъуар и щIалэм ирегъэIуэтылIэ, ауэ быдзу жреIэ нысэм зыкIи гурыщIхъуэ иримыгъэщIыну, зи ужь ихьа Iуэхум зы мастэкIи щыгугъуэ имыщIыну.

- ЩIалэм и адэм кьыжриар игъэззэщIэну ижь ёохьэ. Жэщыр хэкIуэтауэ ябыщысижьым сыт илъагъур? Нысэр къожьэри щысщ зызэрIимыхьыжауэ, жьэгум щыфIэдза шыуаным илъ ерыскъыр мыупщIыIужьын папщIэ, мафIэри зэхимыгъэкIыу иIыгъщ. И щхьэгъусэр къызэрыщIыхьэжу къыщолъэтри, и щIакIуэр кхъыех, Iэщэр пылъапIэм фIедзэ хъыдан гъущэкIэ илъэщIуэр, тас кхубгъан къещтэри, зрегъэтхъэщ, и дамэм еупIэкIа напэIэлъэщIымкIэ зрегъэпсэщIыкри, жьэгу мафIэм и гъэжгъуу Iэнэр кьыхуегъэуври, ерыскъы хуабжкIэ егъашхэ. Ар шхэху уанэш упщIыIужам дек макIуэри, зи ныбзпххэр щIалэм къигъэлэлэхха уанэр кьытрехьж, шыр шэщым щIешэж. АпщIондэху жьэгум пэригъэува псыр хьохуабэри, щIалэм и IуэхуэкIэр хуетхъэщ, пIэр ещIыжри егъэтIуэлпкъж. ЗдэщыщIакIи игъэхъакIи зы псалъэкIэ и Iуэху хилъхьэкъым, «Езым хуейуэ кIыльытIэмэ - кIыжжиIэнщI» - зыхужеIэжри. Ари зэти зэфIэкIыжьыну.

НэгъуэщI жащ гуэрым щIалэм гупыфI и гъусэу къожьIэж адакъэ Iэгъуэхэм нэблэгъауэ. АрщхьэкIэ нысэм ар уэим ищIакъым. Ерыскъы хьэзыру иIэр яхутригъэувэри, щIалэм хьэщIэ ныш иригъэуклащ. Iэнэ хъэупсэгъуэ яхъуигъэуври гупыр фIы дыдэу кьигъэхьэщIащ. Нэху щыщми и нэбдзыпэ зэтримыльхьауэ и Iуэху иужь ихьэжащ, къэунэху махуэдэм кIыхьижьхьэ гурыфIыгъуэм хэту. А ильэгъуамкIэ и щхьэгъусэри арэзы быдзэ мэхъу.

Ещанэ жэщым уридэкIуеину уэшх къешхыу, уафэри кьызэгъуэныим хуэдэу гъуагъуэу, щыблэри зэкIэлъхьэпIэту уэуэ, зызылIэж жьыбгъэми и макъым мыгъуэпIыжауэ едэIу нысэм къытеуэжащ и щхьэгъусэм и ныбжьэгъу гупыр и гъусэу. ЩIакIуэ къомым къапыж псым унэ лъэгур зэриГъэфри къримыдзэу, гуфIэпсыжу:

- Псыфэ хъуа къыфхэт, мо мафIэм и гъунэгъуу фыкъакIуэ, сэ иджыпсту а уэлбанэшхуэм кьыхэфхыжа фи псэ пIыщIахэр къыфхуэзгъэхуэбэжынщ! - жиIэу бзэрабзэу япежьри, къригъэблэгъащ, мыпхуэдэ уэлбанэм псэууэ гупыр кьызэрыхэкIыжам щыгуфыкIыпIэу. ЗарегъэтхьэщI-зарегъэлъэщIри, фо махъсымэ пIащIэ изу зэрыт кхъуэщыныр Iэнэм кьахутрегъэувэ, ерыскъы хьэзыр и куэдти, Iэнэр кьахуеуэздри:

- Фышхэ, си псэ тIэкIуэх! ПIыщIа къыфхэтми, къэхуэбжьынщ, псыф хьуа къыфхэти гъущыжьынщ! Фэ фыпсэууэ, фыкъызынщэу фыкъыкъэхуэжамэ аращ нэхъапэри, фыхэIэбэ, сэ иджыпсту гуэгушыхъу бэгъуари къыфхуэзгъэхуэбэжынщи, фызгъэтхъэжынщ! - яжриIэрт нысэ гуапэр ерыскъым фIыуэ хэзыкъуэ щIалэхэм.

ЩIалэхэм загъэнщIыжащ, фо махъсымэ пIащIэри тIэкIу кьапкърохьэри, джэгу ящIмэ яфIэфI мэхъу. Ар нысэм щраIуэкIым:

- Уэлбанэ жэщыр зэшыгъуэщ, дыгъужьрэ пэткIэ зегъэпщкIу, зыздзэвгъэпщкIуари фи унэщ, фи унэм щыфщIэнумкIэ ныкъуиткъэ, си нэхуэ! Фэ джэгу фхуэзмыщIмэ, сэ хэт джэгу хуэсщIын? ТIуми кьыддалъхуа диIэкъым, диIэр фэращи, Тхьэм кIыхь дызэхуищI! - жиIэщ, и пшынэр кьищтэри, унэ лъэгум щыщ умыыпIагъужу я вакъэ псыкрэ я1тэ защIэхэмкIэ ираутыкIыу, езыхэм «хъунщ!» жаIэху пшыни яхуеуэу, гъэрыгугъуэуи къадзэфхуэрэ гупыр игъэжэгъащ. Нэху щыщым, щIалэ гуэркэр тыкуэным яГъакIуэри, тыгъэ IпапIэхэр къыхуарагъэхь. Ахэр апхуэдизу гуапагъэр къызыпыкIа нысэм иритуэр я нэхъыжьыуэм кьыжрелэ:

- Ди шыпхъуфI, дыщэр уи гум кьощэщ, ерыскъым я нэхъыфIыр уи Iэрыкъщ! Уэ дэлъху уиIатэжкъымэ, еплъ иджы уи цIыхугъэм, уи ерыскъы жумартым, уи гупагъэ гъынэшэмрэ шыIэныгъэшхуэу пхэлъымрэ дэлъху къыпхуищIа къомым! Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэри хьэзырщ уэр щхьэкIэ и къару кьихь емыблэжьныу! Дэ уэ удгъэнэхуурэ умыщIэхэу дыпкIэлъыплъащ. Насыпэ мыкуэжкIэр иIэщ уэ зи пIэ лъапэ укъыщытэджми, ди ныбжьэгъумкIэ ауи дигу ныкъуэкъым! Насыпым, зэпэщым, псом хуэмыдэу - узыншагъэм Тхьэм фыщимыгъащIэкIэ! Унагъуэ укъызэрыхьар лъэпкъ мащIэщ, Тхьэм птыригъабагъэ!

- Сэ цIыкIуэ зыхэлъ дзэ-анэ сагъэсащ, фэ пщIэрэ щыхьэрэ фхуэсщIыфращ сэри си уасэр. Сэ сывгъэнэху кьхьэкIэ зыри нэхъ лейуэ сщIауэ схужьыIэнукъым. Си щхьэгъусэмрэ ди ныбжьэгъуфIхэмрэ пщIэ яхуэсщIыфмэкъэ сэри пщIэ щызиIэнур? Жьэ джатэрэ щэныщIагъэкIэ мы дунейм къытепхыфи щыIэкъым, фIым хуэзфIэмыкI зэи Iейкъ кьыпхуэхьынукъым. Сэ фэ сыфхуэщхьэхмэ, а зи унэ сыщIэс фи сыгъэм дауэрэ сыпуплъэжьну, ар унагъуэ сщIынкIэ кьысщыгугъэну и гъащIэр кьызихьэлIауэ? Фэри узынщагъэрэ гъащIэрэ тхъэм къзывит! А тIур фиIэмэ, мыпхуэ посри фыфейкъэ! - яжреIэ нысэ гуапэм.

Апхуэдэ акъыл зэтесэр гъэсэныгъэ дахэрэ зиIэ нысэм и хъыбарыфIым узригъэжьэнт?! Гъур Хьэбалэ деж нэмыс щыкIэ, и хьыджэбзым и хъыбарыфIыр Iэрыхьагъэхъат, ауэ итIани и Iуэхур зи пщэ ирилъхьа и ныбжьэгъужьым ёзым и жьэкIэ кьыжриIэмэ, нэхъ и гуапэт. И ныбжьэгъуми куэдрэ зэрыгъэжьакъым, къэсри Iуэхур кьызэрекIуэкIар, нысэм и жэуап Iущхэри щIигъуу, кьыжриIэжащ.

Мис иджы уэри сэри долIэ жьдмыIэми хъунущ, си ныбжьэгъужь! Ди сабийхэр зэхуэфащэ дыдэу зэрихьэлIащ, цIыхугъэрэ щыпкъагъэкIэ узыщIигугъ хъун унагъуэ кьагъэщIащи, тхъэм жьы зэдищI! ТIуми быныр ди мащIами, а кьыдита мащIэр надэрэ куэдым яхуэдэ Iэджэм Iэрыр нэхъ пщIэ лIэу кьыщIэкIащи, ари гурыфIыгъуэщхуэщI! - жеIэ Хьэбалэ.

- Пэж дыдэщ жьыпIэр, Хьэбалэ. Быныр адэ-анэм емыфIэкIмэ, гъащIэр и пIэм йоуджьых, лъэпкъми къэралми заужьынукъым! Ди щIэлэр Тхьэшхуэм тхуиуэзэщI!...

Апхуэдэ нэмысрэ гъэсэныгъэрэ зэрылъ унагъуэм гъащIэм и жьыуейхэри кьридзэркъым, абыхэм ирагъэщIыфырыкъым, жагъуэгъу псалъэри кьепIэскIуфIыркъым. Хэкум и лъэщагъри, лъэпкъым и кьэкIэунри апхуэдэ унагъуэхэм кьыщожьэ.

ШЭРДЖЭС Алий.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ Шэру Соня и гъусэщ космонавт Титов Герман и адэ-анэр. *Кемеровэ къалэ, 1964 гъэ*

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5**. ... жьгъей. **6**. ... и къуэ дзыгуащIщ. **7**. ЦIыху теплъэншэ, фэншэ. **10**. «ФIыцIэ» псалъэр нэгъэщIу зэрыжаIэ. **11**. Iэпслъэпсым щыщ. **12**. ЕгъэджакIуэм къигъэсебэп сэху тыкъыр цIыкIу. **14**. Жыг къудамэхэр трауэхъуэнщIыкIа нэужь пхъэм къытенэ Iэпапlэ. **16**. Гъущ1 тхьэгъуурэ зэрылъ кIапсэ. **19**. Тхьэмпэ хъуреишхуэ зытет удз. Абы «фIарийджакIуэм къигъэсебэп сэху тыкъыр цIыкIу. **14**. ЗэфIэувэжати ... хуащIащ. **22**. ЩIыпIэ хуабэхэм хьэлъэзэехьэу кьыщагъэсебэп псэущхьэ. **25**. Псыхьэ, псы Iофэ хуэдэхэр зи щIасэ жыг лIэужьыгъуэ, и пхъафэр гъуабжафэ-фIыцIафэу. **27**. Кьалэ-лIыхъужь. **30**. Адыгэш къабзэ. **31**. Iэскэн щIыналъэм хиубыдэ кьуажэ. **32**. Хьэуар пхуримыкъуу дунейм щихуабэгъуэ зэман. **34**. Бжьэхуц зыдалъ щIыгъын хуабэ, Iэщ1хэ пымыту. **36**. Пщы зыфIэпщым ... кьыпIфIещ. **39**. КIэкъынэ. **40**. ХадзэкI. **41**. Дагъыстэным щыщ лъэпкъ. Абы ящыщ цIыху щэ бжьыгъэхэр ди республикэм щопсэу.

Къехыу: **1**. Ди республикэм хиубыдэ псыежэх. **2**. Лы лей зытелъ цIыху. **3**. Хьэжьигъэм кьыхэщIыкIа адыгэ щхьыныгъуэ. **4**. Мэлыц щабэ. Е ... бостей. **8**. ... щытхъуи, щIэр къащтэ. **9**. Бдзэжьей щагъэхъу псы итыпIэшхуэ. **13**. ЩIыгъын Iуэхум пыщIауэ унагъуэ къэс щIэлъ Iэмэпсымэ, хьэпшыпI. **14**. КIуэ пэтми бжьыз зымыкIу. **15**. Зи нэхэр зэблэлъ. **17**. ТхъуцIынэ щIэпхумэ, кIыанэ псыр. **18**. Уафэм къыщызыдждэхь «бжьэхуц» гуартэ. **20**. Мурад, гухэлъ, хьэупсапIэ. **21**. Музтеатрым и уэрэджьIакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист ... Алий. **23**. Гъатхэм пасэу щIым кьыхэжь удз кьащхьуафэ-шакъафэ. **24**. Дунеим ехьжам и цIэкIэ хуэмыщIауэ псэуэхэм ират Iыхь. **26**. Пщэдджьжьыпэ, нэхущ. **28**. Гъатхэр кьызэрихьэу жыгхэм ... иратащ. **29**. А кьуалэбзэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **32**. УэршэрынкIэ ирикъуа нэужь, щIалэхэр зэбгрыкIыжащ, щхьэж и ... бжэн лъакъуэу. **33**. ЩIыIуи нэгъуэщIу зэредж. **34**. КьуийцIыкIу дыщэ ... къиГъуэтащ. **35**. Сабийхэр (хъыджэбз цIыкIуэхэр) зэрыджэгу хьэпшыпI. **37**. Письмо ... фронтым кьратхьэкIащ. Е кьуапэ зэхуэдэу щы зиIэ гуэр. **38**. Зылым кьытепщIыкIа зэшхэр.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Дыгъэгъазэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Балий. **